Жылагъуэр зэкъуэтмэ, къэралыр лъэщщ

2-нэ нап.

Сыт щыгъуи ди япэ итынущ

3-нэ нап.

ЩоджэнцIыкIу Алий ягу къагъэкIыжу

4-нэ нап.

Мырзэкъан Азэмэт аргуэру ятокIуэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№131 (24.881) ● 2025 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 30, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

КIуэ пэтми Iэмалыщ Iэхэр ди гъащIэм нэхъ куууэ къыхохьэ, ар псынщIэ икIи тынш къытщащIу. Мы куаркодыр къэбгъэсэбэпу «Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ дэнэ щIыпIэ ущыIэми: Сбер-онлайным уохьэри абы тыбогъапсэ. АдэкIэ ди газетыр къыгъэлъэгъуэнурэ кIэщI дыдэу ущигъэгъуэзэнущ икIи къебгъэхьын папщIэ (уи унэм е пщэгъунэгъу пощтым) и лъабжьэм деж уи цIэ-унэцIэмрэ хэщIапIэмрэ иботхэри, уасэр абдежым щыбот. Дыфщогугъ адыгэбзэкIэ къыдэкI газет закъуэм адэкIи и ныбжьэгъу пэжу фыкъэнэну!

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

ЗэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ

КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ, жэпуэгъуэм и 28-м республикэм щекIуэкIащ «Туризмэр. ЦIыхухэр. ЕхъулIэныгъэхэр» зыфIаща, щIыналъэ зыбжанэ къызэщIэзыубыда зэIущIэшхуэ. Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек абы кърихьэлIа хьэщIэхэр иригъэблэгъащ.

ЗЭХУЭСЫМ хэтын папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуащ Сыбыр федеральнэ университетым (СФУ) Гастрономиемкlэ и институтым и унафэщIым и къуэдзэ, а еджапIэ дыдэм хиубыдэ, IэщIагъэ щрат центрым и унафэщI Мягковэ Еленэрэ «СФУ-м гастрономиемкIэ и еджапIэ» проектым и унафэщI Баховэ Натальерэ. КъБР-м и Iэтащхьэм иригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ республикэм курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр Быф Аскэр. ЩIыналъэм хьэщIагъэ хабзэхэм зэрызыщаубгъум, ар иджырей туризмэм и индустрием и зы Iыхьэ зэрыхъум, щIэныгъэм хэгъэхъуэн зэрыхуеймрэ Iуэхум хэгъуэзахэм щапхъэ къазэрытехыпхъэмрэ тепсэлъыхьащ зэхуэзахэр. КIуэкIуэ Казбек абыхэм ехъуэхъуащ я зэманыр щхьэпагъ хэлъу ирахьэкIыну, дэтхэнэ зыми и лэжьыгъэм ехъулIэныгъэ щиIэну.

Зэхуэс екIуэкIам гулъытэшхуэ щратащ «Туризмэмрэ хьэщIэ егъэблэгъэкIэмрэ» лъэпкъ проектыр гъэзэщIа зэрыхъум, хабзэншагъэ хэлъу туризмэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэр ягъэмэщIэн папщIэ, ирахьэлIэ Iэмалхэм, Iуащхьэмахуэ лъапэмрэ Налшыкрэ дэт зыгъэпсэхупIэхэм зегъэужьын зэрыхуейм. Туризм къудамэм епхауэ лажьэ IэщIагъэлIхэр нэхъыбэу ягъэхьэзырын мурад зэраIэри къыхагъэщащ. ЗэIущIэм хэтахэр зэдэгуэшащ щхьэж и лэжьыгъэм къыщехъулIахэмкIэ, дяпэкIэ гулъытэ нэхъ зыхуащIыпхъэхэми тепсэлъыхьащ.

КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм, СФУ-м Гастрономиемкlэ и институтым, а еджапIэм къыдэлажьэ нэгъуэщI зы IуэхущIапIэм зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ. Зэхуэсым и кIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым туризмэм зыщиужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа лэжьакIуэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ тыгъэ лъапIэхэр иратащ.

Я къалэнхэр тэмэму ягъэзащIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек IущIащ республикэм лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ хъумэнымкIэ и министр Тогузаев ТIэхьир. Ахэр тепсэлъыхьащ IэнатIэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм илъэсир къызэрихьэрэ щызэфIагъэкIахэм.

МИНИСТРЫМ зэрыжиIамкIэ, цIыхухэм IэнатIэ яIэным теухуа щытыкIэр зэпIэзэрыту къонэж. ЛэжьапIэншэу ятхахэр республикэм лэжьэфыну исхэм я процент 0,4-рэ хъууэ аращ, илъэс кIуам а бжыгъэр процент 0,6-рэ хъурт.

Социальнэ къалэнхэр нэсу икIи и пIалъэм къриубыдэу зэфIагъэкI. Дзэм хэтхэм, абыхэм я унагъуэхэм, пенсионерхэм, ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэм хуагъэува ахъшэхэр ират.

Сабий зиIэ унагъуэхэм защIэгъэкъуэным хухэха ахъшэр лIэужьыгъуихыу яIэрохьэ, зэ тыгъуэу, мазищ къэс е мазэ къэс етыным теухуауэ яубзыхуахэм ятещIыхьауэ. Пособиехэр унагъуэ мини 10,8-м яIэрохьэ, псори зэхэту сом мелуани 173,4-рэ зрат сабий мин 16,9-м щIигъу къызэщIаубыдэу.

Я ещанэ быныр, абы къыкIэлъыкIуэхэр къызыхэхъуэ унагъуэхэм ядоIэпыкъу а сабийр илъэсищ ирикъухукIэ. Бын куэд зиIэ адэ-анэхэм я сабийхэр садым зэрыкIуэм щIат пщIэм хукIэрагъэху. ЕджакIуэхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм деж сабий мини 7,5-м щIигъу ягъакIуэ я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ IуэхущIапIэхэм.

Зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ зыхуэныкъуэ Iуэхутхьэбзэхэр хуащIэ, я унэхэм кIуэурэ зэрадэIэпыкъури, Iэрызехьэхэм пIалъэ кIыхькIэ якIэлъыплъынри абы яхэту. Зи ныбжь хэкIуэта цIыху мин 48-м щIигъум ядэIэпыкъуащ илъэсир къызэрихьэрэ.

Къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къонэж сабий зиIэ унагъуэхэм, зи ныбжь хэкIуэтахэм, ныкъуэдыкъуэхэм, лэжьапIэншэхэм, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэ нэгъуэщI цIыхухэм защIэгъэкъуэныр. Илъэсым щыщу блэкIа мазибгъум социальнэ ахъшэу цIыхухэм иратар сом меларди 9,9-м нэсащ.

Унагъуэ лъапIэныгъэхэм нэхъ трагъащIэу

Сабийм и хуитыныгъэхэр хъумэным гулъытэ хэха щегъуэт ди деж. А лэжьыгъэр зэрекIуэкIым зыщигъэгъуэзащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ Бэдракъ Аминэ республикэм и УнафэщIым щыIущIам тепсэлъыхьащ я пщэрылъхэм зэрыпэлъэщым, сабий зеиншэхэм, адэ-анэхэм я кIэлъыплъыныгъэм щIэмыту къэнахэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэща зэрыхъум.

АБЫ зэрыжиIамкIэ, мы зэманым республикэм исщ апхуэдэ сабийуэ 1067-рэ, абыхэм ящыщу 1016-р унагъуэхэм щапI - я нэIэ къатету, бын пэлъытэ зыщIа унагъуэхэм яхэсу, бын яхуэхъуауэ. Адрей ныбжьыщIэхэр интернатхэм щыIэщ. Нэхъыбэ мэхъу сабий зеиншэхэр зэзышалIэхэм, быну къэзыщтэхэм я бжыгъэр. Нэхъ мащIэ хъуащ адэ-анэхэм я хуитыныгъэхэр зыпаубыдхэри.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ сабий зеиншэхэр, адэ-анэхэм я кIэлъыплъыныгъэм щIэмытхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIа Iуэхуми.

КъыхагъэщхьэхукIащ унагъуэхэм илъ зэхущытыкIэхэм кIэлъыплъыныр, хьэлэбэлыкъ зэрылъхэр нэхъ пасэу къыщIэгъэщауэ зэгурыгъэIуэжыныр а IэнатIэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу мы зэманми зэрыщытыр. «Абы и лъэныкъуэкIэ IуэхущIапIэхэр нэхъ хэкъузауэ зэдэлэжьэн хуейщ икIи унагъуэм и лъапIэныгъэхэм, адэ-анэхэм я сабийхэмкIэ яхь жэуаплыныгъэр нэхъ зыхащIэу щытыным жылагъуэм гулъытэ хэха щыхуащIыпхъэщ», - къыхигъэщащ щIыналъэм и Iэтащхьэм.

Хэхъуэ яIэу

2025 гъэм и щIышылэм - фокIадэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм, унагъуэхэм зэхэту къыщIагъэкIащ мэкъумэш продукцэу сом мелард 61-рэ и уасэ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процентi 5,5-кIэ ар нэхъыбэщ.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу хьэцэпэцэр къанэ щымыIэу республикэм щаIуащ. Нартыху жылапхъэр, сэхураныр, кIэртIофыр, хадэхэкIыр иджыпсту кърахьэлIэж.

Республикэм и мэкъумэш IуэхущIапIэхэм псоми зэхэту гъавэу (нартыхур хэмыту) къытрахыжащ тонн мин 313,5-рэ, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам нэхърэ процент 16,8-кIэ ар нэхъыбэщ. Нартыху жылапхъэу Iуахыжащ тонн мин 508,9-рэ: 2024 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу яхузэфIэкIам нэхърэ процент 15,8-кIэ нэхъ мащIэщ ар.

А пIалъэм къриубыдэу сэхурану яIуащ тонн мин 22,5-рэ (процент 32,6-кIэ нэхъыбэщ), кIэртIофу къатIыжащ тонн мини 150,4-рэ (процентi 4,4-кIэ нэхъыбэщ), хадэхэкIыу зэщIакъуэжащ тонн мин 319,8-рэ (процент 24,8-кIэ нэхъыбэщ).

2025 жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм, унагъуэхэм зэхэту Iэщ щхьэ бжыгъэрэ джэдкъазу яIыгъам ящыщу мин 273-р IэщышхуэщI (нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм мин 272,7-рэ хъуащ), абы щыщу мини 139,9-р жэму (нэгъабэ щыIа бжыгъэм хуэдизщ). Кхъуэуэ яIыгъащ мини 2,1-рэ (мини 4,1-рэ), мэлрэ бжэну мин 437,5-рэ (мин 424,8-рэ), джэдкъазу мелуани 4,8-рэ (мелуани 4,6-рэ).

2025 гъэм и щIышылэм - фокIадэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм, унагъуэхэм зэхэту лырэ джэдкъазылу (псэууэ шэчауэ) къалэжьащ тонн мин 92,6-рэ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам нэхърэ процентi 8,7-кIэ нэхъыбэу. Гъэшу къашащ тонн мин 409,9-рэ (процент 0,5-кIэ нэхъыбэщ), джэдыкIэу кърахащ мелуани 173,8-рэ (процент 1,5-кIэ нэхъыбэщ).

Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу мэкъумэш IуэхущIапIэхэм лырэ джэдкъазылу къалэжьар процент 19,9-кIэ, джэдыкIэу кърахар процентi 5,3-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэ яхузэфIэкIам нэхърэ, гъэшу къашар процентi 7,3-кIэ нэхъ мащIэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Я лэжьыгъэм зыщегъэгъуазэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ ФАС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Къумахуэ Аннэ.

ВЕДОМСТВЭР къызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэс 35-рэ ирокъу. Нобэ ар рыночнэ экономикэм и зыужьыныгъэмкIэ, хьэпшыпхэм я уасэр зэпIэзэрыту щытынымкIэ мыхьэнэшхуэ зыгъэзащIэ къэрал IэнатIэщ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ гъэпцIагъэ зыхэмылъ сату зэхьэзэхуэ къызэгъэпэщыным, щхьэусыгъуэншэу уасэхэм хэмыгъэхъуэным, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми ятеухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм.

ФАС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм къэрал къулыкъущIапIэхэмрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ и гъусэу 2030 гъэ пщIондэ къызыпащэну, 2021 - 2025 гъэхэм Хьэрхуэрэгъу зэхущытыкIэхэм зегъэужьынымкIэ лъэпкъ планыр гъэзэщIэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр ирегъэкIуэкI. Ар къазэрехъулIэм и щыхьэтщ хьэрычэтыщIэ Iуэху мащIэмрэ курытымрэ хэтхэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъуар. Мы илъэсым и пэщIэдзэм Къэбэрдей-Балъкъэрым абыхэм я бжыгъэр цIыху мини 109-м щынэсат. Нэхъ зызыужьахэм ящыщщ мэкъумэш хозяйствэр, туризмэр, ухуэныгъэр, сатур, энергетикэр, нэгъуэщIхэри. Ахэр псори Лъэпкъ планым къыщыгъэлъэгъуащ хьэрхуэрэгъугъэм зегъэужьыным и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэу.

ЗэрытщIэщи, 2014 гъэм лъандэрэ Украинэ зауэлIхэм Донбасс щыпсэухэр ягъэгулэз, Донецкрэ нэгъуэщI къалэхэмрэ къуажэхэмрэ еуэ зэпыту. Мамыру псэуну хущIэкъу цIыхухэм хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтми, сабийхэр хэкIуадэми, КъуэкIыпIэ къэралхэм нобэр къыздэсым неонацистхэм я щIэпхъаджагъэхэр ямылъагъу нэпцI защIурэ а Iуэхур хуагъэдахэ, уеблэмэ даIыгъ.

ЩIэпхъаджагъэм и теплъэхэр

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

УРЫСЫБЗЭ зыIурылъхэр залымыгъэм щыхъумэнымрэ ДНР, ЛНР, Херсон, Запорожье щIыналъэхэр Урысейм къыхэгъэхьэжынымрэ хуэгъэзауэ дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэрэ неонацистхэм ялэжь щIэпхъаджагъэхэр щIагъэхуэбжьащ.

Киевым илэжь щIэпхъаджагъэхэр псоми ирагъэлъагъун, Донецк, Луганск, Херсон, Запорожье щIыналъэхэм къыщыхъум и пэжыпIэр цIыхухэм я деж нахьэсын мурадкIэ, УФ-м и Къэрал Думэмрэ «РИА Новости» хъыбарегъащIэ агентствэмрэ зэгъусэу яубла сурэт гъэлъэгъуэныгъэхэр - «Хроники террора украинского неонацистского режима» зыфIащар - иджыпсту ди къэралым и щIыналъэхэм щрагъэкIуэкI.

Лагъым зытехуа унэ зэтетышхуэр щызэтещахэм абы къыщIэж цIыхухэм ятелъ гузэвэгъуэр я нэгум къищу а дакъикъэм сурэт ятепхыфынри лIыгъэм и зы Iыхьэщ. Апхуэдэ псэзэпылъхьэпIэхэми хэту, «РИА Новости» хъыбарегъащIэ агентствэм и дзэ корреспондентхэм я къалэныр щагъэзащIи къахуихуащ. Абыхэм траха сурэтхэм щIэпхъаджагъэхэр сэтей къащI, дуней псор щагъэгъуэзэ.

Сурэтхэм пIейтеиншэу уеплъыфыркъым. Абыхэм къощ зи благъэ-Iыхьлы, зи унэ лъапсэ зыфIэкIуэдахэм я гуауэмрэ нэпсымрэ. Уолъагъу, псалъэм папщIэ, Макеевкэ къалэм и курыт еджапIэ №8-м ВСУ-р еуа нэужь, къыхэнэжа тIэкIур (а жэщым ракетэкIэ зэуа жылэм цIыху 41-рэ щыхэкIуэдат), зэтракъута Шипиловкэ къуажэм (Луганск) къыдэна сабий тхьэмыщкIэхэр, сымаджэщхэм я къутахуэхэр, уIэгъэхэр, Мариуполь, Суджэ цIыху гужьеяхэр къызэрыдашыр («Патриот» центрым Курск ОМОН-мрэ «Ахмат» спецназымрэ я дэIэпыкъуэгъукIэ), Славянск курыт школ №13-м и еджакIуэхэм щIыунэм зэрызыщагъэпщкIур, нэгъуэщI теплъэгъуэ гуузхэри. Уи нэгум къыщIонэ утыку къина фызыжьым и теплъэр. НэгъуэщI зы сурэтым унэ зэхакъутам зи Iыхьлы хэкIуэда цIыхубзым и кIий макъыр къиIукIми ярейщ...

Iуэху щхьэпэр даIыгъ

Зи гугъу тщIы гъэлъэгъуэныгъэр УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм мы гъэм и бадзэуэгъуэм япэу утыку кърихьащ. Абы щыгъуэм Къэрал Думэм и УнафэщI Володин Вячеслав жиIауэ щытащ ди зауэлIхэр псэемыблэжу иджыпсту зыпэщIэт гущIэгъуншагъэр Урысейм и дэтхэнэ щIыналъэми щалъагъун зэрыхуейр. Выставкэм и къызэгъэпэщакIуэхэм я Iуэху щхьэпэр даIыгъыу, КъБР-м и Парламентми жэпуэгъуэм и 28-м Налшык къалэм ЩIалэгъуалэм я унэм а гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуихащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, сурэт гъэлъэгъуэныгъэр щIыналъэ зыбжанэм щрагъэкIуэкIыну зэрыхунэсар: Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Ингушым, Ставрополь, нэгъуэщIхэми.

Къэбэрдей-Балъкъэрым выставкэр къыщыщызэIуахым хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм, КъБР-м и Правительствэм, республикэм и министерствэхэм я лIыкIуэхэр, депутатхэр, дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ ветеранхэмрэ, жылагъуэ, политикэ, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм щылажьэхэм щыщхэр, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр.

Унагъуэ зэтекъутахэмрэ гугъэ щэщэжахэмрэ я щыхьэтщ

Гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуихым, Егоровэ Татьянэ жиIащ гущIэм нэс, пэжыр къэзыгъэлъагъуэ Iуэхум ахэр зэрызэхуишэсар: «Выставкэм сурэтхэр щызэхуэхьэса къудейкъым. Дэтхэнэ сурэтри гуузщ, унагъуэ зэтекъутахэмрэ гугъэ щэщэжахэмрэ я щыхьэтщ. Гъэлъэгъуэныгъэм дыхегъаплъэ Донецк, Луганск, Запорожье, Херсон щIыналъэхэм я гуащIэрыпсэухэм яхуэгъэзауэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэм. Мы сурэтхэм IупщIу дагъэлъагъу илъэс 80 ипэкIэ ди адэжьхэр зыпэщIэта Iуэху шынагъуэм къызэрытригъэзэжар. Мы сурэтхэм къагъэлъагъуэ дзэ Iуэху хэхар егъэкIуэкIыныр Iэмалыншэу зэрыщытар. Сыт хуэдэу гур имыхузми, дунейм къыщекIуэкIым и пэжыпIэр яхузэхэгъэкIын папщIэ, мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэхэм щIалэгъуалэр хэгъэплъэным мыхьэнэшхуэ иIэщ. ЩIалэгъуалэм я унэр къыщIыхэтхари арощ. Дэ ди мурад нэхъыщхьэр цIыхур къэдгъэуIэбжьыну аракъым, атIэ дгъэгупсысэнращ. Дунейр къутэгъуафIэщ, ауэ зэфIэгъэувэжыгъуейщ. Мы гъэлъэгъуэныгъэр цIыху гъащIэм и уасэм, ар зэрытIасхъэм уезыгъэгупсысщ. Ди нобэмкIи къэкIуэнумкIи псоми жэуап дохь. ЩIэблэм пэжыр я гъуазэу щытын щхьэкIэ, мы Iуэхугъуэхэм дытепсэлъыхьыну ди къалэнщ. ТхузэфIэкI псори тщIэн хуейщ апхуэдэ гузэвэгъуэм зэи къытримыгъэзэжын папщIэ».

Егоровэ Татьянэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, ветеранхэм фIыщIэ яхуищIащ, я гъащIэ емыблэжу дэтхэнэри неонацизмэм зэрыпэщIэтым, мамырыгъэмрэ захуагъэмрэ зэрахъумэм папщIэ.

Гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIахэр дакъикъэкIэ щыму щытащ хэкIуэдахэм я фэеплъу.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым жиIащ: «Выставкэм и дэтхэнэ сурэтри дэфтэрщ, фашизмэм и «напэр» къыщIэзыгъэщщ. Куэд щIауэ абы дытекIуэу, блэкIам къыщыдгъэнауэ ди гугъами, кэщIэрэщIэжащ, гуауэрэ хэщIыныгъэрэ къиIхьу. КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым, депутатхэм фIыщIэ яхудощI мы гъэлъэгъуэныгъэр ди республикэми къызэрыщызэрагъэпэщам щхьэкIэ. Сыт хуэдизкIи цIыху нэхъыбэ абы еплъын хуейуэ къызолъытэ. Зи къалэн зыгъэзащIэу иджыпсту дзэ Iуэху хэхам щыIэхэр я псэ емыблэжу пэщIэтщ фашизмэр ди къэралым къраМыгъэхьэным. ЩIалэгъуалэм фщIэн, вгъэлъэпIэн хуейщ мамыру дызэрыпсэур абыхэм зэрафIыщIэр. Зауэр шынагъуэщ, абы и Iэужьхэри сурэтхэм щыволъагъу. Ауэ шэч къытетхьэркъым Iэщэр егъэгъэтIылъыным теухуауэ ди къэрал Iэтащхьэм игъэбелджыла Iуэхухэр къызэрыдэхъулIэнум, щIэпхъаджащIэхэм дазэрытекIуэнум.

Дзэ зэпэщIэтыныгъэхэм я ветеран ПщыхьэщIэ Ахьмэд къыхигъэщащ: «Выставкэм нэрылъагъу ещI Киевым зэрихьэ залымыгъэр. Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм ар дэ езым ди нэкIэ тлъэгъуащ, дауи. Нобэ, зэи хуэмыдэжу, дызэкъуэтын хуейщ, лей зезыхьэхэр къэдгъэувыIэн папщIэ».

IэщэкIэ зэщIэузэда къарухэм къыхэкIыжа офицерхэм я «Мегапир» зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Атаев Жашарбек жиIащ: «ГущIэгъуншагъэм пэщIэхуа цIыхухэращ зытраухуар мы гъэлъэгъуэныгъэр. Уи гур ягъэуз сурэтхэм. ЩIэпхъаджагъэ зылэжьхэм жэуап яхьын хуейщ. Абыхэм япэщIэт ди зауэлIхэм я лIыгъэм дрогушхуэ икIи фIыщIэ яхудощI. Ди фIэщ мэхъу террорым кIэ зэрыратынур».

Гъэлъэгъуэныгъэм и къызэгъэпэщакIуэхэм зэ къыхагъэщыжащ я мурад нэхъыщхьэр зэпхар мы зэманым екIуэкI Iуэхугъуэхэр ди нэгу къыщIагъэувэным и мызакъуэу, цIыхубэр террорым и Iэужьхэр зыхуэдэм ирагъэгупсысыныр зэрыарар.

«Террорым и теплъэхэр» Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэщ, мамырыгъэр хъумэным цIыхур къыхузэщIигъэушэу. Ди зэманым мыпхуэдэ жэрдэмхэр щхьэпэщ жылагъуэ зэхэщIыкIыр унэтIынымкIи блэкIам и дерсхэр къэпщытэжынымкIи.

Налшык къыщызэIуаха выставкэр махуищкIэ, жэпуэгъуэм и 30 пщIондэ, екIуэкIынущ. Сурэт къэс Iуэхур щекIуэкI щIыпIэмрэ къэхъуамрэ теухуа тхыгъэ кIэщIхэр кIэщIэтщ.

КъБР-м и Парламентым фIыщIэ яхуещI КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я IуэхухэмкIэ управленэмрэ республикэм ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэмрэ гъэлъэгъуэныгъэр къызэгъэпэщынымкIэ щIэгъэкъуэн къазэрыхуэхъуам папщIэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ЩIэблэр я чэнджэщ щIагъэдэIу

«Къэрал сыхьэтым» хыхьэу, республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и депутатхэр яIущIащ Налшык къалэм и курыт школ №6-м щеджэхэм.

ЕПЛIАНЭ классым кIуэ цIыкIухэм епсэлъащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Мурат, Егъэджэныгъэмк Iэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмк Iэ комитетым и унафэщI Емуз Нинэ, Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ комитетым и унафэщI Кансаевэ Еленэ сымэ.

Къызэхуэсахэм защыхуигъазэм, Емуз Нинэ къыхигъэщащ «Къэрал сыхьэтым» хыхьэу КъБР-м и Парламентым кърагъэблэгъахэм псом нэхърэ нэхъыщIэу къыщIэкIар ахэр зэрыарар. Ар тепсэлъыхьащ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и лэжьыгъэм, цIыхухэр къэрал хабзэхэм пасэу хэгъэгъуэзэным депутатхэм гулъытэ хэха зэрыхуащIым.

ЗэIущIэхэр щекIуэкI пэш нэхъыщхьэм и гугъу щищIым, Емуз Нинэ къыхилъхьащ еджакIуэхэр депутат тIысыпIэхэм щысу зы жэрдэм къагупсысу абы папщIэ Iэлэт ирагъэкIуэкIыну. Апхуэдэу ныбжьыщIэхэм электроннэ IэлэткIэ зэдэарэзыуэ даIыгъащ школхэм физическэ щэнхабзэмкIэ дерсхэр нэхъыбэ ящIыну зэрыхуеймрэ класс псоми щIэсхэр шэджагъуашхэкIэ къызэрагъэпэщынымрэ теухуа я проектыр.

Къардэн Мурат и гъащIэ гъуэгуанэм щытепсэлъыхьым, къыхигъэщащ, абыхэм я ныбжьым щитым, IэщIагъэ хуэхъунур къыхихауэ зэрыщытар.

- Сабийм и япэ гъэсакIуэр школ егъэджакIуэхэращ. Набдзэгубдзаплъэу федаIуэ абыхэм къывжаIэмрэ фызыхуащиймрэ. Школращ псоми я щIэдзапIэр. Абдеж лъабжьэ щывогъуэт, адэкIэ фэ езыр фыхущIэкъун хуейщ фи къэухьым зэрызевгъэужьыным. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр щыпсэу ди щIыналъэмрэ къэралымрэ пкъыгъуэ куэду зэхэгъэува пазл инышхуэм ебгъэщхь хъунущ. Дэ абы псори дриIыхьэ цIыкIущ. Дэтхэнэми абы хэлъхьэныгъэ хуищIыфынущи, ехъулIэныгъэхэм ерыщу фыхущIэкъу, - жиIащ Къардэным.

Кансаевэ Еленэ ныбжьыщIэхэм яжриIащ цIыхум хъуэпсапIэ иIэн зэрыхуейр. «Мурадышхуэхэр зыхуэвгъэувыж, абыхэм фызэрыхуэкIуэным фыхущIэкъу. Дыщогугъ нобэрей ди зэхуэсыр къыфщхьэпэну, фи гум къинэну», - жиIащ къэпсэлъам.

Депутатхэм цIыкIухэр щIагъэдэIуащ езыхэм я сабиигъуэм епха хъыбар гъэщIэгъуэнхэм. Абыхэм дыщIагъуащ фIыуэ еджэным, анэдэлъхубзэхэр ящIэным, зэныбжьэгъугъэм и мыхьэнэр къагурыIуэным фIыгъуэ зэрыхэлъыр.

НыбжьыщIэхэм спортымрэ творчествэмрэ щаIэ зэфIэкIхэр депутатхэм жраIащ, къахьэхуа кубокхэр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр ирагъэлъэгъуащ. Адэанэхэм депутатхэм фIыщIэ хуащIащ гуапэу къазэрыIущIам папщIэ икIи къыхагъэщащ зэIущIэр сабийхэм гукъинэж зэращыхъуным шэч къызэрытрамыхьэр.

ЕджакIуэхэм я лъэIукIэ, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ я гъусэу сурэт зытрагъэхащ. ХьэщIэ цIыкIухэм зыщаплъыхьащ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и унэм.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

● Жылагъуэ палатэ

«Дыдейхэм депцIыжыркъым!» къыхуеджэныгъэм щIэту

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм КъБР-м и Парламентым жэпуэгъуэм и 24-м щригъэкIуэкIащ республикэм «Зэдэлэжьэныгъэ» зыфIаща жылагъуэ зэхыхьэм и республикэ къудамэм и ещанэ зэIущIэр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и къудамэу къалэхэмрэ районхэмрэ щыIэхэм я лIыкIуэхэри зыхэта зэхыхьэр къыщызэIуихым, зи гугъу тщIы Iэнат Iэм и тхьэмадэ Берд Хьэзрэталий къыхигъэщащ:

- Дызэрыт зэманым Урысей Федерацэр зэхэгъэкIыпIэ ин иуващ - зэрыщытауэ, зи щхьэр зыхъумэжыф къэрал лъэщу дыкъызэтенэну хьэмрэ, КъухьэпIэ хэгъэгухэм я унафэщIхэр зэрыхущIэкъуу, цIыкIуцIыкIуу зэбгрылъэлъыжынкIэ хъуну жыхуаIэу. Иужьрейм ехьэлIауэ нэхъ шынагъуэ дыдэу ди политикхэм къалъытэр къэралым алъандэрэ лъабжьэ быдэ хуэхъуу, лъэпкъыбэр зэгурызыгъаIуэу ди цIыхухэм къадекIуэкIа зэхэщIыкIым удын бзаджэ ирахынкIэ зэрыхъунурщ. Абы папщIэ УФ-м и жагъуэгъухэм къагъэсэбэпхэм ящыщщ ЕтIуанэ дунейпсо зауэр ди ТекIуэныгъэкIэ имыухауэ, СССР-м абы мыхьэнэшхуэ щимыгъэзэщIауэ зэрагъэIури.

2025 гъэр псом ди дежкIэ мыхьэнэ ин дыдэ зиIэ илъэсу къыщIэкIащ. Абы зы Iуэхугъуэу зэрипхащ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр къызэрыщытхьрэ илъэс 80 мы гъэм зэрырикъуамрэ къэралым и иджырей къыщхьэщыжакIуэхэм Iэтауэ пщIэ зэрыхуэтщIымрэ. Шэч хэлъкъым, Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм ди япэ ита ди адэжьхэм фашизмэм текIуэн папщIэ зэрахьа лIыгъэм къызэрыпащэм. АтIэми, къэралым и тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, Хэкур гугъуехь нэхъ ин дыдэхэм щыпэщIэувэм деж, Урысейм и лъэпкъыбэ жылагъуэм, и дзэ зэщIэузэдахэм, къулыкъущIэхэм, щIэныгъэлIхэм, егъэджакIуэхэм, еджакIуэхэм, я гупсысэкIэ, зыпэрыт IэнатIэ емылъытауэ, хьэл-щэн нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщу къагъэлъагъуэр зэрызэкъуэтырщ, ижь-ижьыж лъандэрэ къыддекIуэкI хабзэ-бзыпхъэ нэхъыфIхэр ди щIэгъэкъуэну, зым и пащхьэ адрейм цIыхугъэ нэс зэрыщызэрихьэрщ, - дыщIигъуащ и псалъэм Берд Хьэзрэталий.

Тхьэмадэм зэригъэнэIуамкIэ, гудзакъэгулъытэ зыхэлъ ди цIыху минхэм мы зэманым дзэ Iуэху хэхам хэт ди щIалэхэм ахъшэ хузэхалъхьэ, зауэ хуэIухуэщIэ бронежилетхэмрэ хущхъуэхэмрэ къащэху, ерыскъыхэкIхэмрэ щыгъын хуабэхэмрэ зэрагъэпэщ. КъинэмыщIауэ, Урысей Федерацэм къыхыхьэжагъащIэ щIыналъэхэм исхэми зэрыкъэралу доIэпыкъу. А псори дэ къызэрыдгурыIуэ хъунур тщыщ дэтхэнэми жэуаплыныгъэ нэс зэрыдбгъэдэлъырщ.

- ТекIуэныгъэр къыщахьыр зэуапIэм и закъуэкъым, - жиIащ Бердым, - ар зыIэрагъэхьэ дзэлIхэм я щIыбагъ дэт цIыхухэм я гуащIэдэкI лэжьыгъэкIи. Ар жаIэрт ди япэ ита ди адэжьхэу Хэку зауэшхуэм хэтахэми абыхэм сыт и лъэныкъуэкIэ защIэзыгъэкъуахэми. Ди зэманымкIэ къедгъэзэкIыжынци, къыхуеджэныгъэр къызэрыдгурыIуэ хъуну къэслъытэр жылагъуэ лэжьакIуэхэм, волонтерхэм, гудзакъэ зыхэлъ цIыху къызэрыгуэкIхэм дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI псэзэпылъхьэпIэм Iут ди щIалэхэм а IэнатIэ мытыншыр я гулъытэхэмкIэ зэрыщагъэпсынщIэрщ.

Ди адэжьхэу Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ТекIуэныгъэ Ин къытхуэзыхьахэр щапхъэ тхуэхъукIэрэ, Урысей Федерацэм и лъэр иджырей дунейм щыхигъэбыдэнымкIэ, псом япэрауэ, дэIэпыкъуэгъу лъэщу дэ диIэр мы иджырей зэпэщIэувэныгъэм хэт ди дзэлIхэрщ, къинэмыщIауэ, къэхутэныгъэщIэхэр езыгъэкIуэкI ди щIэныгъэлIхэрщ, щэнхабзэм, цIыхухэр егъэджэным, узыншагъэр хъумэным телажьэхэрщ, экономикэм зыкъыщезыгъэIэту къэралым зыужьыныгъэ зэпIэзэрыт къахуэзыхьхэрщ.

УФ-м мы зэманым къыщыунэхуа «Дыдейхэм депцIыжыркъым!» къыхуеджэныгъэм хэкупсэ мелуанхэр зэкъуигъэуващ. Къэралым и цIыхухэм къабгъэдэкI а хущытыкIэр зауэлIхэми зыхащIэ. Ауэ щыхъукIи, дэ дыхуиткъым, дазэрыдэIэпыкъум дригъэзэша хуэдэ, ди щIалэхэм зэрызащIэдгъакъуэм кIэрыдгъэхурэ ди гугъэри хэтхыжу, детIысэхыжыну. Ди къэралым и Президент Путин Владимир зэрыжиIауэ, «дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыналъэхэми езы къэралми щызэфIагъэкI лэжьыгъэ иныр ТекIуэныгъэр къэтхьынырщ зыхуэунэтIари, дыкъыщыувыIэ хъунури ар зэдгъэхъулIа иужькIэщ....», - къыщыхигъэщащ адэкIэ и псалъэм Берд Хьэзрэталий.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм иригъэкIуэкIа мы зэхыхьэм хэтащ, я Iуэху еплъыкIи щыжаIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым, УФ-м и Жылагъуэ палатэм лъэпкъ, дин зэхущытыкIэхэмрэ Iэпхъуэшапхъуэ IуэхухэмкIэ и комиссэм и тхьэмадэ, «Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблее» зыфIаща урысейпсо жылагъуэкъэрал советым хэт Зорин Владимир, Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблеем Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и унафэщI, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, зауэ зэпэщIэувэныгъэхэм я ветеран, дзэ Iуэху хэхам уIэгъэ щыхъуа, КъБР-м и Парламентым и депутат, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым жылагъуэ-хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ и центрым и унафэщI Шевчук Герман, республикэм и Шэджэм щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм и унафэщI, социальнэ IуэхухэмкIэ тхьэмадэм и къуэдзэ Iэрыпщэ Жаннэ, КъБР-м ис муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщI Дзасэжь Хьэзрэталий, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм и унафэщI Накуэ Феликс сымэ, нэгъуэщIхэми.

ЗэIущIэм щIэсахэм IэIэткIэ къызэдащтащ зытепсэлъыхьам теухуа къыхуеджэныгъэр.

ХЬЭТЫКЪУЭ ЩауапцIэ.

● Мэкъумэш

Хэхъуэр нэхъыбэщ

Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм къызэритамкIэ, 2025 гъэм и щIышылэм - фокIадэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ индексым процент 8,5-кIэ хэхъуащ нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ.

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм къриубыдэу республикэм и экономикэ IэнатIэхэм къагъэлъэгъуа зэфIэкIхэр зэпэщхьэхуэу къатщтэмэ: псы яхуэзыутIыпщхэм, къагъэсэбэпар Iузышхэм, кIэрыхубжьэрыхухэр зэщIэзыкъуэхэм, уэрамхэр, пщIантIэхэр зэлъыIузыххэм хэхъуэу процент 14,4-рэ яIащ. Продукцэхэр къыщIэзыгъэкIхэм, абыхэм елэжь IэнатIэхэм я хэхъуэр процент 12,2-м нызэрыхьэсащ.

Апхуэдэу щыхъукIи, щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр къыщIэхынымкIэ IэнатIэм и зэфIэкIым проценти 2,4-кIэ, электрокъарукIэ, газкIэ, хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ, хьэуар зыгъэкъабзэ IэнатIэхэм процентi 4,8-кIэ кIэрагъэхуащ а пIалъэм хуэзэу.

2025 гъэм и щIышылэм - фокIадэм къриубыдэу къыщIагъэкIа пхъэщхьэмыщхьэ-хадэхэкI консервым, гъэшым, тхъуцIынэм, кхъуейм, кхъуейлъалъэм, шатэм, хьэжыгъэм, Iусыпхъэм, IэфIыкIэм, псыIэфIым, щэкIымрэ щэкIхэкIхэмрэ, нэгъуэщIхэми я куэдагъым хэхъуащ.

Мыдрейуэ, лым, нэкулъым, крупам, семышкIэ дагъэм, йогуртым, шхум, печенэм, нарзаныпсхэм, тепIэнщIэлъыным, лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп щыгъыным, картоным къыхэщIыкIа ашычым, унэлъащIэм ирахьэлIэ цIыкIуфэкIум, чырбышым, нэгъуэщIхэми кIэрыхуащ. Электрокъарурэ хуабэу къалэжьари нэхъ мащIэ хъуащ а пIалъэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Жылагъуэр зэкъуэтмэ, къэралыр лъэщщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм къытIущIащ республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым, лъэпкъ Iуэхухэмрэ щIалэгъуалэ проектхэмкIэ и министр КIурашын Анзор, абы и къуэдзэ Гергоков Джамболэт, Урысей Федерацэм и Президентым деж щызэхаша, Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ советым хэт, Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблеем Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и унафэщI, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт Сэхъурокъуэ Хьэутий сымэ.

● ЗэIущIэхэр

УПЩIЭРЭ жэуапу къызэрагъэпэща зэхыхьэм пэублэ псалъэ щыжиIащ Къуэшырокъуэ Залым.

- Хабзэ зэрытхуэхъуауэ, Урысей Федерацэм и зэкъуэтыныгъэм и махуэм иредгъэхьэлIэу ди щIыналъэм, гъэ къэси хуэдэу, щыдоублэ «Этнографие диктантышхуэ» зыфIаща пэхуэщIэм и пэщIэдзэ Iуэхугъуэхэр. Зи гугъу тщIы диктантыр ди республикэм къызэрыщетхьэжьэрэ мы гъэм илъэсипщI ирокъу. Иджы, зэрытщIэщи, ар ирихьэлIащ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъумрэ 2025 гъэр Хэкум и хъумакIуэм и илъэсу зэрагъэувамрэ.

«Этнографие диктантышхуэ» зыфIаща урысейпсо Iуэхугъуэр, гъащIэм къызэригъэлъэгъуауэ, къэралпсо жылагъуэр зэкъуэзыгъэувэ бгъэдыхьэкIэ нэхъыфIхэм ящыщ зыщ. Сыту жытIэмэ, ар зытелажьэр УФ-м ис лъэпкъхэм ижькIэрэ къадекIуэкI, купщIэшхуэ зыхэлъ дуней еплъыкIэхэр, псэкупсэ-гъэсэныгъэ екIум и «телъхьэ» зэхущытыкIэ дахэхэр утыку къихьэнырщ, къытщIэхъуэ щIэблэм абыхэм гу лъегъэтэнырщ.

Дэ куэдрэ дытопсэлъыхь, зэрыщыту къатщтэмэ, ди къэралми республикэми ис лъэпкъхэм къыддекIуэкIа тхыдэм и зы Iыхьэшхуэу къэлъытапхъэ, СССР-р щыщыIа лъэхъэнэми абы иужь ита илъэсхэми къыщызэднэкIа гугъуехьхэмрэ ехъулIэныгъэхэмрэ дызэрызэрипхам. Къыхэгъэщыпхъэщ: УФ-м и политикхэм дызэрыт зэманми къытрагъэзэжурэ жаIэ дэтхэнэ лъэпкъми тегъэщIапIэ лъэщу диIэ, дызэрыгушхуэ хъун, псэкупсэ-гъэсэныгъэ екIум ехьэлIа, цIыхугъэ нэсыр зи джэлэс хъуэпсапIэхэр зэрыдиIэр. Шэч хэлъкъым, ахэр ди лъабжьэу, зэхущытыкIэ дахэхэм адэкIи дызэрыхуэкIуэфынум, ди блэкIар зэблэзышыну, и пэжыпIэр зэзыхъуэкIыну хущIэкъу ди жагъуэгъухэм дазэрыпэщIэтыфынум.

Дауи, абы ехьэлIауэ гурыIуэгъуэщ, блэкIар щIэзыхъумэу, къызэрекIуэкIар нэгъуэщIу къыщIезыгъэдзыжыну пылъхэр зи яужь итыр, я нэхъ мащIэрауэ, ди цIыхухэм я гупсысэкIэр зэблэшынырщ, тхыдэм фIыуэ щымыгъуазэхэр, псом япэрауэ, ди щIалэгъуалэр, гъуэгу пхэнж тешэнырщ, а «уз зэрыцIалэм» кIуэ пэтми зэрызрагъэубгъунырщ. КъимыдэкIэ, ди пэщIэуэгъухэр зыхуейр Урысей Федерацэр, и хэгъэгу ухуэкIэмкIи щыпсэу лъэпкъхэм я зэбгъэдэтыкIэ-зэхущытыкIэхэмкIи дуней псом тет къэралхэм я нэхъ телъыджэ дыдэу зэрыщытым драмыгъэгупсысынырщ.

Ди ныкъуэкъуэгъухэр зи яужь ит Iуэхугъуэ мыфэмыцхэм ящыщу мыри къыхэгъэщыпхъэщ. Ар сыт жытIэмэ, Урысей Федерацэм ис лъэпкъхэм ижькIэрэ дызыгъэдахэу къыддекIуэкI ди хабзэ-бзыпхъэ зэмыщхьхэр къызэднэкIыу, псоми ди гупсысэкIэ-дуней тетыкIэр, псынщIэ-псынщIэу, зым хуэтшэжу зэфэзэщ зэрытщIыным (глобализацэ) дыхущIэкъунырщ. АтIэми, зэрынэрылъагъущи, дызэрыапхуэмыдэм, ди къэралым зэхущытыкIэ дахэхэр, хабзэбзыпхъэ къекIухэр къызэрыщызэтедгъэнэным дызэрелIалIэм ди ныкъуэкъуэгъухэр зэгуегъэп.

ГъэщIэгъуэнщ, ауэ КъухьэпIэ къэралхэм гупсысэр япэ изыгъэщу, гъащIэм зэхэтыкIэ дахэ, къекIу къыщызылъыхъуэу щыпсэу цIыху нэхъ губзыгъэхэр нэхъри нэхъ къызыхуеплъэкI хэгъэгухэм Урысей Федерацэри ящыщщ. Ар къызыхэкIыр сыт жытIэмэ, езыхэм алъандэрэ зэхуаIа зэхущытыкIэ зэгъэхэр IэщIыб езыгъэщIыжа «гъэпцIакIуэхэм» я зэранкIэ, я жылагъуэр хабзи нэмыси зыдамылъэгъуэж, зэфэзэщ-зэщыщхъу щытыкIэ къемызэгъым зэрыхуэкIуарщ, нэхъри зэрыхуэкIуэрщ. Арагъэнущ щхьэусыгъуэ хуэхъури зи гугъу тщIы хэкухэм къыщыхъуа куэдым щыпсэуну ди къэралыр къыщIыхахым. А псом дэгъуэгурыкIуэуи дыхуейт мы махуэхэм къетхьэжьэ «Этнографие диктантышхуэм» упщIэ, дерс зэмылIэужьыгъуэ хуэзыгъэхьэзырхэми абы къекIуэлIэнухэми, зэрыжытIащи, псом япэрауэ, ди лъэпкъхэм ижькIэрэ къыддекIуэкIа хабзэ-бзыпхъэ дахэхэм ящыщу ди нобэрей гъащIэм къытхуэхьэсахэми абы ипэкIэ дызэрыщытахэми я егупсысыкIэ-бгъэдыхьэкIэр трахуэну.

Мыри къыхэзгъэщынут. Мы зэIущIэм ипэ къиихуэу дэ, КъБР-м и Парламентым и жэрдэмкIэ, къызэIутхащ дзэ Iуэху хэхам хэт ди щIалэхэр зыпэщIэхуэ-зыхэт гугъуехьым, апхуэдэуи а лъэныкъуэмкIэ къыщытпэщIэувахэм Донбассым щызэрахьа хьэкIэкхъуэкIагъэр зыхуэдэр къызыхэщыж сурэтхэмкIэ зэхагъэува гъэлъэгъуэныгъэр. Украинэм и националистхэм я бзаджэнаджагъэр зыкIэлъызэрахьар, псом япэрауэ, а щIыналъэхэм щыпсэухэрщ. Сыт атIэ апхуэдэ гузэвэгъуэр къыщIэхъуар? Дэ дызэреплъымкIэ, националистхэм а хьэкIэкхъуэкIагъэр щызэрахьэм, Украинэм щыпсэухэм я нэхъыбэр гухэщтыншэу зэрыщытарщ. Дызыщыгъуазэ а Iуэхум, псом япэрауэ, дызригъэгупсысыр жылагъуэр гулъытэншэу щыт зэрымыхъунурщ. Аращ нэхъыбэу зыхуэгъэзар лъэпкъ зэхущытыкIэхэм ятеухуауэ ди къэралым къыщрахьэжьэ пэхуэщIэхэм я нэхъыбэр, - жиIащ Къуэшырокъуэм.

«Этнографие диктантышхуэ» зыфIащам и мыгъэрей Iыхьэм и зэхэгъэувэкIэ-къызэгъэпэщыкIэм, щрагъэкIуэкIыну щIыпIэхэм тепсэлъыхьащ, журналистхэм ди упщIэхэми жэуап кърατащ зэIущIэм и жьантIэм дэсахэм.

Тхыгъэри сурэтри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

НэхъыжьыфIыр ящыгъупщэркъым

● Фэеплъ

ПщIэрэ щIыхьрэ зыпылъ гъуэгуанэ купщIафIэ къызэринэкIащ прокуратурэм илъэс куэдкIэ щылэжьа, юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыжьу щыта, тхакIуэ Сэрахъэ Александр Iэюб и къуэм.

Ар 1934 гъэм КъБАССР-м и Курп районым хиубыдэ Мэлгъэбэг къуажэм къыщалъхуащ. Саратов къалэм дэт, Курский Д. И. и цIэр зезыхьэ юридическэ институтыр къиуха нэужь, Александр 1963 гъэм Прохладнэ къалэм и прокурорым и дэIэпыкъуэгъуу ягъэуващ, илъэситху дэкIри, КъБАССР-м и прокуратурэм и аппаратым хагъэхьащ прокурорым и дэIэпыкъуэгъуу.

1970 гъэм Сэрахъэ Александр Тэрч районым и прокурор хъуащ. ИужькIэ, КъБАССР-м и прокурорым и дэIэпыкъуэгъу IэнатIэм етIуанэу ираджащ, 1975 гъэм Бахъсэн щIыналъэм и прокурору ягъэуващ. Налшык транспорт прокуратурэ къыщызэрагъэпэща нэужь, Сэрахъэр абы и прокурорым и дэIэпыкъуэгъуу, прокурорым и къалэнхэри игъэзащIэу лэжьащ. ИужькIэ, республикэ прокуратурэм кIэлъыплъыныгъэмкIэ и къудамэм и прокурор хъуащ, Налшык и Ленинскэ районым и прокурорым и дэIэпыкъуэгъуу щытащ, следственнэ къудамэм и прокурор нэхъыжьым и къалэнхэр игъэзэщIащ. 1997 гъэм, пенсэм кIуэху, ар пэрытащ республикэм и прокуратурэм и управленэм Iуэхухэр зэрызэхагъэкIым кIэлъыплъынымкIэ и къудамэм, оперативнэ-лъыхъуакIуэ лэжьыгъэмкIэ и прокурор IэнатIэм.

1997 гъэм Сэрахъэ Александр республикэм и прокуратурэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу хахащ. Аращ Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм и тхыдэм теухуа музей къызэгъэпэщыныр зи жэрдэмыр.

Сэрахъэ Александр тхакIуэуи щытащ. 2005 гъэм ар хагъэхьащ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ щIэпхъаджагъэм пэщIэтыным, суд Iуэхухэм теухуауи, детектив жанрым ит художественнэ тхыгъэхэри зэрыт тхылъ 20-м щIигъу. Сэрахъэм и тхыгъэхэм ящыщ куэдым и гугъу щещI республикэм и прокуратурэм и тхыдэм.

Урысей прокуратурэр илъэс 275-рэ щрикъум ирихьэлIэу къыдэкIащ абы игъэхьэзыра «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Прокуратурэр. КъежьапIэр. Тхыдэр. ЦIыхухэр» брошюрэр, апхуэдэуи ар яхэтащ республикэм и суд IэнатIэм и тхыдэм теухуа тхылъым папщIэ тхыгъэхэр зыгъэхьэзырахэм. 2011 гъэм къыдэкIа, республикэм и прокуратурэр зэрызэфIэувар къыщыгъэлъэгъуа, «Тропою закона» зыфIища абы и тхылъыр IэщIагъэлI нэхъ щIалэхэм я мызакъуэу, республикэм и прокурор пэрытхэми я стIолхэм куэд щIауэ телъщ.

2018 гъэм Александр къыдигъэкIащ республикэм и прокуратурэм и лэжьакIуэхэм ящыщу Хэку зауэшхуэм хэтахэм яхуэгъэпса «Фронт после фронта» тхылъыр. Абы и жэрдэмкIэ зэфIэувэжащ Хэкум и хъумакIуэхэм я цIэхэр, абыхэм я сурэтхэр фIэлъщ республикэ прокуратурэм и пэIущIэ пэшым и блыным.

Сэрахъэ Александр зыпэрыта IэнатIэхэм къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIхэм папщIэ мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъапIэхэр. Абы и гуащIэм гулъытэ къыхуащIащ Урысей Федерацэм и Прокуратурэ нэхъыщхьэм и унафэщIхэми. Сэрахъэм кърατащ «Хабзэм зэрыхуэпэжым папщIэ» дамыгъэм и япэ нагъыщэр, «Урысей Федерацэм и прокуратурэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» дамыгъэр, «Прокуратурэм и ветеран» медалыр, УФ-м и Прокурор нэхъыщхьэм и щIыхь тхылъыр къыхуагъэфэщащ. 2005 гъэм кърατащ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр.

Александр 2022 гъэм фокIадэм и 23-м дунейм ехыжащ. Абы и гъащIэмрэ и къарумрэ я нэхъыбэр щхьэузыхь хуищIащ и лэжьыгъэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и органхэм щылэжьащ 1963 гъэм къыщыщIэдзауэ 1997 гъэ пщIондэ.

Прокуратурэм и лэжьакIуэхэмрэ пенсионерхэмрэ ящыгъупщэркъым цIыху гуапэу, губзыгъэу, гулъытэ зыхэлъу щыта, прокуратурэм и органхэм я тхыдэм елэжьа нэхъыжьыфIыр.

Зыгъэхьэзырар **УЭРДОКЪУЭ Женяц.**

Дунейм щыхъыбархэр

Лъэныкъуэхэр зэдэарэзымэ...

Хамэ къэралхэм инвестицэ-экономикэ IуэхухэмкIэ ядэлэжьэнымкIэ Урысейм и Президентым и лIыкIуэ щхьэхуэ, РФПИ-м и унафэщI Дмитриев Кирилл Америкэм и CNN телеканалым ирита интервьюм щыжиIащ украинэ зэныкъуэкъур нэхъ псынщIэу зэфIэха хъуным Москва зэрыхущIэкъур. ПсалъэмакъыM абы къызэрыщыхигъэщамкIэ, ар къащехъулIэнур Урысейм а IуэхумкIэ къигъэув хэкIыпIэхэм лъэныкъуэхэр зэдэарэзыуэ зэдеувалIэмэщ.

ДМИТРИЕВ Кирилл жиIащ украинэ зэныкъуэкъур зэхэкIыныр Iуэхугъуэ зыбжанэм зэрелъытар, абыхэм ящыщу къигъэлъэгъуащ щIыналъэхэм ятеухуа упщIэр, Украинэм и нейтралитетыр, шынагъуэншагъэмкIэ шэсыпIэр.

Урысейм и Президент Путин Владимир украинэ зэныкъуэкъур зэфIэхынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм я гугъу щищIым, мызэ-мытIэу жиIащ псом япэу апхуэдэ щытыкIэр къэзыша щхьэусыгъуэм и лъабжьэр гъэкIуэдын зэрыхуейр, иужькIэ абы къытримыгъэзэжын хуэдэу.

Арктикэм зрагъэужь

Урысей Федерацэм и Правительствэм къищтащ Арктикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ яубзыхуа лэжьыгъэр.

«АБЫ къахуигъэув къалэнхэр гъэзэщIэным хуаутIыпщынущ бюджетыр къыщызэрагъэпэщкIэ къэрал программэхэм хухах мылъкум щыщу проценти 5 нэхърэ мынэхъ мащIэр», - щыжиIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил вице-премьерхэр хэту ирагъэкIуэкIа зэIущIэм.

А Iуэхум хыхьэу я мурадщ ухуэныгъэ щыIэхэр къагъэщIэрэщIэжыну, инфраструктурэщIэхэр яухуэну, апхуэдэу щIыналъэм и жылагъуэ щIыпIэхэр зэIузэпэщ ящIыну. Премьер-министрым и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, лэжьыгъэр зыхуей хуэзэу зэтраублэмэ, абы Iэмал къаритынущ Арктикэм ущыпсэуным, ущылэжьэным, туризмэм зыщегъэужьыным хуэщIа щытыкIэ тынш къыщызэгъэпэща хъунымкIэ.

Жэпуэгъуэм и 30, *махуэку*

♦**Политикэ щхьэусыгъуэкIэ зэхэзехуэн зэращIам и зэранкIэ хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ**

♦**Урысейм и дзэ-тенджыз флотым и махуэщ**

♦**Урысейм щагъэлъапIэ инженер-механикхэм я махуэр**

♦**1711 гъэм** Къэбэрдей шуейхэм Мурад-СулътIан зи пашэ шуудзэр хагъэщIат.

♦**1927 гъэм** къалъхуащ Мысырым и дзэ къулыкъущIэ, Штаб нэхъыщхьэм и унафэщIу, къэралым зыхъумэжыныгъэмкIэ и министру щыта **Февзи (Хьэхъу) Мухьэмэд**.

♦**1938 гъэм** къалъхуащ кхъухьлъатэзехуэ, Иорданием и ЛIыхъужь **Шурдым Ихьсан**.

♦**1957 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI живописец, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Акъсырэ Михаил**.

♦**1972 гъэм** къалъхуащ коллекционер, публицист **Тхьэкъуахъуэ Iэуес**.

__Дунейм и щытыкIэнур__

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градуси 5 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 31, *мэрем*

♦**Урысейм щылажьэ Iэпэтэрмэш зэдзэкIакIуэм и махуэщ**

♦**Тенджыз ФIыцIэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Къалэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Экономием и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм щыIэ СИЗО-хэмрэ тутнакъэщхэмрэ я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**1952 гъэм** къалъхуащ УФ-м и къэрал лэжьакIуэ, етIуанэ рангым и къэрал чэнджэщэгъуу щыта **Хъупсырокъуэ Назир (Къырым-Джэрий)**.

__Дунейм и щытыкIэнур__

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 5 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Ахъшэр пшахъуэщ, гъащIэр пцIащхъуэщ.

Сыт щыгъуи ди япэ итынущ

Экономикэ **Политикэ**

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ **Жылагъуэ Iуэху**

Нобэрей «Махуэкур» мащIэу нэгъуэщI зыгуэрщ. Зэрыхабзэу, ари теухуащ политикэм, экономикэм, Кавказым. Ауэ нобэ фи пащхьэ нитхьэну гупсысэхэр къызыбгъэдэкIыр илъэсипщI зыбжанэкIэ дунейм нэхъ гъэщIэгъуэну щекIуэкIхэр мы плIанэпэм папщIэ тхуэзыгъэхьэзыра, дяпэкIи и къалэмыр тхуэзыгъэбзэну, ауэ ар зи махуэкъэс къалэну щымытыж Шал Мухьэмэдщ.

Псоми лъэIэса щыIэкъым

- Апхуэдизрэ газетым сыщылэжьарэ пэт, сигу илъыр къысхудэшеякъым, жыпIэрэ, Мухьэмэд? Уигу зыхуэмызэгъа, узыкIэлъыIэбэж...

- Узыхунэмыса, узылъэмыIэса, згъэбыдэжарэт зыхужыпIэ кIапэлъапэ сыт хуэдэ зэмани, сыт хуэдэ цIыхуми къыдокIуэкI. ПсомкIи зигу зэгъа щыIэкъым. ЦIыхум гугъэшхуэ иIэу, ар нэхъ цIыкIум хуэкIуэмхуэкIуэурэ, а цIыкIуми хуэмыкIуэжу, зыхунэмысIауэ, дунейм ехыжи, лэжьапIэм IукIыжи щыIэщ.

- Журналист ухъуа нэужь, мыпхуэдэу сытхэнт, мыбыкIэ сунэтIынт, жумыIэпIэ иIэтэкъым...

- Сэ журналист сыщыхъуар лэжьапIэм сыкъыщыуваракъым, япэу си тхыгъэр газетым къыщытрезгъэдзаращ *(къыпогуфIыкI)*. Газет къытхуэкIуэрт, «Советская молодежь»-мрэ «Ленин гъуэгумрэ». Си адэм IуэрыIуатэм фIы дыдэу хищIыкIыу, таурыхъ куэд дыдэ ищIэу, гъунэгъухэр къакIуэурэ къедаIуэу апхуэдэти, сэри абы ещхь сыхъуарэт жысIэу сыкъэтэджат. Ауэрэ журналист IэщIагъэ зэрыщыIэр къэсщIащ. Зи тхыгъэ сыкъеджэхэм щапхъэ къатесхыу, сэри стхы хъуну пIэрэ жысIэри, япэ дыдэу «Ленин гъуэгум» си тхыгъэ къыщытехуар 1964 гъэрщ, 9-нэ классым сыщIэсу. Джэд фермэм сыкIуэри, сыщIалэжь цIыкIути, езыхэми тIэкIу ауан сыкъащI хуэдэу, къызэпсэлъат, сызыщIэупщIэ бжыгъэхэри хъарзынэу къызжаIат.

- Джэд фермэр фи къуажэм дэту арат?

- Ди къуажэ колхозым абы щыгъуэм зэреджэр «Куба»-т. Иджы унагъуэ къэс езым джэд фермэ иIэжщ, абы щыгъуэм губгъуэм яхуу щытащ. Ар стхыри, «Ленин гъуэгу» газетым и адресымкIэ къезгъэхьауэ щытащ.

- АдыгэбзэкIэт зэрыптхар?

- НтIэ, адыгэбзэкIэт. «Джэдыхъуэхэр йогугъу» - арат фIэсщар. А псалъащхьэр нэгъунэ къагъанэри, къытрадзат. Сатыр 30 - 40 хуэдизт зэрыхъур. А илъэс дыдэм «Советская молодежь» газетым зыпысщIа щIэхъуами щхьэусыгъуэ иIэщ. Ди республикэм райцентру итым 1944 гъэм Нэгумэ Шорэ и фэеплъ щагъэуват. Абыхэм яз ди Кубинскэ районми итт. Ауэ ар егъэджакIуэ къакIуэ-накIуэхэр зыщIагъэтIысхьэ унэм и гупэм зэрымыщIэкIэ къиухутауэ, егъэджакIуэхэм я жьыщIыгъэ фIадзэрт.

- ЖьыщIыгъэ кIапсэр фэеплъым ирапхауэ арат?

- Арат-тIэ! Сэри сыныбжьыщIэти, ар здэнкIэ, сигу техуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Тхыгъэ стхыри, ар сIыгъыу «Советская молодежь» газетым сыкъэкIуащ. Япэу сызыхуэзар КъуэдзокъуэХьэсэнт. Ар тхакIуэу, критикыу щытащ, иужькIэ телевиденэм и редактор нэхъыщхьэ ящIат. Си тхыгъэм еплъри, «къытеддзэнущ» жиIащ.

- ЕгъэджакIуэхэрат узыхуэшхыдэр?

- А псом сегупсысыххэртэкъым. Фэжагъуэ къэсхьынти, мыр дауэ къащыхъуну пIэрэти, жыхуаIэхэр къиздзэртэкъым. Хьэсэн «А Ногмов нужен?» («Нэгумэм дыхуей?») - жиIэри, псалъащхьэ хуищIащ япэщIыкIэ. Сэ псалъащхьэ хуэсщIатэкъым. СыкIуэжри, махуитI-щы дэкIауэ, «Обидно за Ногмова» («Нэгумэр тфIэпсэкIуэд хъуащ») тхыгъэр къытохуэ, си цIэ-унэцIэр щIэту. Арати, школым сокIуэ. СыкъыщыкIуэжым, фэеплъыр тетыжтэкъым.

- Дэнэт здэкIуар?

- Трахри, ЩэнхабзэмкIэ унэм и гупэм деж ягъэуват. Апхуэдиз къару иIэт газетым къытехуа тхыгъэм абы щыгъуэ.

«Ленин гъуэгумрэ» «Советская молодежь» газетымрэ садэлажьэу щытащ апхуэдэу, редакцэм сыкIуэу, Бекъан Чыланий сымэ сахуээзу. Ауэ нэхъыбэрэ сыщытхар Бахъсэн къыщыдэкI «Коммунист» газетырщ.

Школыр къыщызуха илъэсым зыщIыпIи сыщIэтIысхьакъым, си адэр сымаджэ хъури. МГУ-м журналистикэмкIэ и факультетым сахуэтхат, сыныщIэтIысхьэнут, жыхуэсIэу. «Удогъэблагъэ, ауэ стажу илъэситI уиIэн хуейщ», - жаIэри, жэуап къызатыжащ. Стаж сиIэтэкъым. А илъэсыр дэкIа нэужь, си адэри нэхъ зэфIэувэжри, мы ди университетым и урыс-адыгэ къудамэм сыщIэтIысхьащ, ар журналист лъэныкъуэм нэхъ тегъэщIа хуэдэу щытт. Экзамен стынур зыхуэдэр сымыщIэу сыкъэкIуащ Налшык, зыкIи зыхуэзмыгъэхьэзырауэ. Илъэси дэкIат школыр къызэрызухрэ. Ауэ, Алыхьыр къыздэIэпыкъури, сыщIэтIысхьат.

- Уэ тхылъхэр зэи IэщIыб пщIакъым.

- Библиотекэм тхылъ куэд дыдэ сыщеджэрт. «Правда», «Известия» газетхэми, сызэмыджэ щыIэтэкъым. КъызэмыхьэлъэкIыу седжащ, къэзухащ. Арати, радиом IэнатIэ иIэщ жаIэри...

- Журналистым тебухуэпат, егъэджакIуэ ухъуну ухуэмейуэ?

- Тезухуат. «Коммунист» газетым корректору сыувауэ, радиом и унафэщI АфIэунэ Рае Журт Биберд нигъэкIуащ, IэнатIэ диIэщ, жиIэри. Рае ди благъэт икIи ди къуажэпхъут. Радиоми зыгуэрхэр къезгъэту щытати, Биберд си нэIуасэ хъуат. Сытми, абы сыкIуэри, илъэсищкIэ зэдзэкIакIуэу сыщылэжьащ. Ауэ псом

нэхърэ нэхъ къасщтэр «Ленин гъуэгурати», IэнатIэ къыщыкъуэкIым, абы и редактор нэхъыщхьэ ЛIыбекъуэ Хьэбас къызэджэщ, зыгуэрхэр сагъэтхщ, еплъри, сыкъащтауэ щытащ. Абы лъандэрэ илъэс 50 дэкIащ. Илъэс 53-рэ хъуауэ солажьэ. ЗэдзэкIакIуэущ зэрыщIэздзар, ауэ сытхэну сыхуейти, апхуэдэ Iэмали къыщыкъуэкIым, къудамэм сыкIуащ. АрщхьэкIэ зэдзэкIыныр къысхуинащ, нобэр къыздэсым сыхэкIакъым.

- Сыт хуэдэ къудамэрат уздагъэкIуар?

- СыздэщымыIа щIагъуэ щыIэкъым, «Парт гъащIэм епха» жыхуиIэм фIэкIа. Партым сыхэттэкъыми, абы срагъэкIуэлIакъым.

ЛэжьакIуэм и пщIэр къэIэтыныр

- Ди газетыр Парламентымрэ Правительствэмрэ я унафэм щIэтщ. Нэхъ тыншу ущылэжьар сыт хуэдэ лъэхъэнэ, нэхъ хуиту пфIэгъэщIэгъуэныр къытебдзэу?

- Абы и лъэныкъуэкIэ зыгуэр къытпаубыдауи, политикэ IуэхукIи лъэпкъ IуэхукIи зыгуэр ттхыуэ къэрагъэгъэзэжауи зэи къэхъуакъым. Дэри цым и кIуапIэр къэтщIа къыщIэкIынти, мыхъун, къемызэгъын зэи ттхакъым. Абы щыгъуэм партри нэхъыщхьэхэм жаIэри ди фIэщ хъурт, цIыху зэхэтыкIэри нэгъуэщIт. Хьэрэм яшхыну, нэгъуэщIыну, апхуэдэхэр щыIэтэкъым. ЦIыхухэр нэхъ нэIурыту зэхэтт, я гур нэхъ зэIухауэ щытт. Иджыпсту демократие жаIэ щхьэкIэ, моуэ къэгъэкIэрэхъуэжи, къыщIэщыну псор пщIэнукъым. Колхозхэм дыкIуамэ, цIыху щхьэхуэхэм датетхыхьу щытмэ, япэ идгъэщыр лэжьыгъэрат, аращ ди къалэныр жытIэу. ЦIыху лажьэм пщIэшхуэ иIэт абы щыгъуэ. Ди къалэну къэтлъытэр абы и пщIэр къэтIэтынырт.

- КъулыкъущIэхэри цIыхубэм нэхъ япэгъунэгъуу щытагъэнщ а зэманым.

- Псэемыблэж жыхуаIэм хуэдэу, цIыхухэм яхэту лажьэу щытахэщ. ЗыхэзыIэтыкIи нэгъуэщIи щыIэтэкъым. Ар зищIысыр тщIэххэртэкъым. Апхуэдэу екIуэкIыурэ, мы перестройкэ сытхэри къэхъури, абыи дыхэтащ. Абы щыгъуэм шэч къытетхьэу щIэддзат екIуэкIым. ЖаIэмрэ ящIэмрэ зэщхьэщокI жытIэу дыхъуати, апхуэдэу жыIэзыфIэщу дыщытыжакъым. Дунейми зихъуэжащ.

Журналистхэм зэрахьа лIыгъэ

- А зэманым мыбдежым щызэхэта пэкIухэр ящIэж. ЗэрыукI, зэрыфыщI, граждан зауэ къамыгъэхъун щхьэкIэ, мы газетхэм ялэжьам щIэи гъуни иIэкъым, ауэ ар зыми къилъытакъым. Сыти жыIэ, ди газетыр къащтэщ, «дызыхуейхэр къытезымыдзэ мы газетыр дгъэсынущ» жаIэри, цIыху мин тIощI, плIыщI зэхэту, а пэкIум щагъэсауэ щытащ.

- «Ленин гъуэгури»?

- «Ленин гъуэгур»! Iуэху ящIщ, къащэхущ, мафIэ щIадзэри, утыкум щагъэсат. Дэ зэпэува лъэныкъуитIми яку дыдэт хуэдэу хъуат. Правительствэм хэтхэми дахуэзэн хуейт. Абы ищIыIужкIэ, митингым хэтхэми депсэлъэн хуейт. ПэкIум хэтхэм «IужажэI, унафэщI дэубзэ» къытхужаIэрт. Унэ Хужьым щIэсхэми абдежым щытхэм дакъыдэщIу, ящIэр ядэтIыгъыу къащыхъурт. ТIуми дзыхь къытхуащIыртэкъым. Я зэхуакум дыдиубыдэри, зыкъомрэ дыдэтащ. Ауэрэ псори зэтеувэжащ, къулыкъущIэхэри къыкъуэкIыжащ. Сэ абы щыгъуэм журналистхэм лей къатехьауэ къызолъытэ.

- Сыт щхьэкIэ?

- Япэрауэ, партым, советхэм я унафэм щIэтщ жаIэри, творческэ лэжьакIуэхэм стипендие хуэдэу щратым, дэ дыхагъэкIащ. ЕтIуанэрауэ, иужькIэ «къэрал лэжьакIуэ» жаIэу щыхъуам, абыи дыхагъэхьакъым. ТIуми дыщыщкъым. Къэрал лэжьакIуэу улахуэ ин зиIэхэми дыхагъэхьакъым, модрейми дыхрагъэубыдакъым. Нобэр къыздэсым апхуэдэу йокIуэкI.

- Ар журналистым и хьэкъ къылъысыжын и лъэныкъуэкIэ?

- Япэм щыгъуэ газетхэр партым и обкомым ейт. Телевиденэмрэ радиомкIэ комитет щыIэти, ар Министрхэм я советым ейт. Апхуэдэу екIуэкIащ, дэ япэ драгъэщу. Ауэрэ телевиденэмрэ радиомрэ нэхъ къыдэкIуэтей хъуащ, газетыр нэхъ IэщIыб ящIащ. Иджы телевиденэри, радиори, дэри дызэхуэдэу дехуэхащ.

Уи пщIэр къэзыIэтыр

- Езы лэжьыгъэр дауэт къызэрыпщыхъур?

- Лэжьыгъэр сыт щыгъуи гъэщIэгъуэнт. ЦIыху куэдым дахуэзэу. ДызыпэмыплъэщIыху телъыджэ куэд къэтцIыхуу. Къалэм дэс усакIуэхэр, тхакIуэхэр, драматургхэр, композиторхэр, артистхэр зэдгъэцIыхуу, дгъэныбжьэгъуу. А лъэныкъуэмкIэ гъэщIэгъуэнт. ИтIанэ къулыкъущIэхэм уахуэзэн щхьэкIэ, зыри хэлътэкъым. Щапхъэм и хьэтыркIэ, Абазэ Руслан республикэм и прокурор нэхъыщхьэт. Сыщыхуей дакъикъэм сыщIыхьэфу щытащ абы и деж. Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министрым дежи апхуэдэу тыншу ущIыхьэрт. Абы щыгъуэм пресс-IуэхущIапIэхэр къежьатэкъым. Уи дэфтэрыр ебгъэлъэгъуамэ, дэни укIуэ хъурт, зыми узригъажьэртэкъым.

- Журналистым сыт хуэдэ хьэл хуэбгъэфащэрэ?

- Зыгуэр къилъыхъуэн хуейщ журналистым. Зы унэтIыныгъэ иIэу, абы нэхъыбэ зэрыхищIыкIыным хущIэкъуу. КъапщIэкIэ зэфIэкIыркъым, ар икIи къыпхуэгъэсэбэпу зегъасэ. Дэтхэнэ журналистми «амплуа» жыхуаIэм хуэдэ иIэн хуейщ, езыр нэхъ зыхуэщIар къыгурыIуэжу. Иджы щыIэхэр куэдым хозагъэ, къэухьышхуэ яIэщ.

- Иджыпсту техникэ и лъэныкъуэкIэ тхыгъэ бгъэхьэзырыну нэхъ тыншщ. Уотх, къыбощып, тебдзэнуи тебгъэкIыжынуи гугъукъым. ХъыбаркIэ узэгъэпэщащ, интернетыр хьэзырщ. Ауэ фэ фи зэманыгъуэм цIыхухэм бзэр нэхъ ящIэрт, газетри нэхъ я щIэщыгъуэт, иджыпсту елъытауэ.

- Пэжщ ар. Абы щыгъуэм адыгэбзэр къэралыбзэу щытт. Иджыпстуи къалъытэ ар къэралыбзэу, ауэ иджы иIэ мыхьэнэмрэ абырэ зэхуэдэкъым. Газетым къытехуам гулъытэшхуэ хуащIырт а зэманым. Iуэху зэхуэмыхъу гуэр, критикэ къытрадзамэ, ар къулыкъущIэм деж ирагъэхьырти, зы тхьэмахуэм къриубыдэу, райкомым и бюрор абы тепсэлъыхьын хуейт. Е хэбгъэхьа заводым и директорыр. Мис, дытепсэлъыхьащ, мыпхуэдэ унафэ къэтщтащ. «Газетым тетащ, сыт къриkIуа?» рубрикэ диIэт. Мыпхуэдэу тетати, абы къыщыхьа ныкъусаныгъэхэр пэжу къыщIэкIащ, бюром мыпхуэдэ унафэ ищIащ. А псори газетым къытеддзэжырт. Арати, цIыхухэр къыткIэлъыкIуэрт. Гукъеуэ яIэу щытмэ, къакIуэурэ дагъэтхырт.

Уеблэмэ прокуратурэм дыкIуати, зыри къытхуащIакъым, фыкъыддэIэпыкъу жаIэурэ къакIуэхэрт. Абы уи пщIэр къиIэтырт. ИтIанэ республикэм и унафэщIхэм газет псалъэм гулъытэшхуэ хуащIырт, еджэхэрт. Абы, дауи, ди лэжьыгъэр гугъу ищIырт. Щыуагъэ бгъакIуэ хъунутэкъым. Сыт хуэдэ щытыкIэми къикIыфу щытын хуейщ журналистыр.

Ганди Индирэ Кулиевым и усэ къоджэ

- Брежнев сымэ къыщыпсалъэкIэ, жаIахэр зэддзэкIыурэ къытеддзэрт. Правительствэмрэ обкомымрэ я материалхэр зэдзэкIыныр зэи си пщэм дэкIакъым. ТелетайпкIэ Ростов кърагъэхыу арат зэдзэкIын хуей тхыгъэр. Ар Iыхьэ-Iыхьэу къыдэтхрэ дыкъеджэу, къедгъэщыпу. Арати, Ганди Индирэ къэкIуат СССР-м. «Iыхьэ 14 хъууэ литерэ материал фыпэплъэ», - жаIэри, унафэ къытхуащIащ. ХьэщIэм и цIэкIэ пщыхьэщхьэшхэ ящIынути, къапсэлъынухэр къытеддзэн хуейт. Жэщым сыхьэтийхэм деж къатын щIадзэ. ПсынщIэ зумыдзэкIыу хъунутэкъым. Цех псор уэ къыппоплъэ. Къащыпын, къыдагъэкIын, еджэжын хуейщ, уэ уи закъуэ псоми я лэжьыгъэр уэлъытащ. Брежневым жиIэм десэжати, гугъутэкъым зэбдзэкIыну. Ганди Индирэ и чэзур къэсри, «Кулиев Къайсын зэрыжиIащи», - жеIэри, усэ едзыгъуэ къоджэ. Сэ жаIар зэздзэкIыурэ къызогъэщып, иджы усэу сатыриплI къокIуэ. Си гуапэ хъуат ди щIыпIэм щыщ усакIуэм и усэ зэрищIэри игу къызэригъэкIыжари, ауэ ар зэдзэкIын хуейтэкъэ. Сэ усэхэм сыдахьэхыщэртэкъым. Сытми, зыгуэру зэздзэкIри езгъэхьащ, зэрыхъум хуэдэу. Махуэ гуэрым усакIуэ гуэр къызохъурджауэ: «Мыпхуэдэ сатырым деж хъуакъым», - жыхуиIэу. «Уэ еплъыт, - жесIащ, - цIыху 13 унэм кIуэжыну къыппэплъэу, кIуэрыкIуэм тету усэ пхуэздзэкIмэ».

Апхуэдэ улахуэкIэ улэжьэныр лIыгъэщ

- Псоми зэманым и нэпкъыжьэ тегъэуащ, журналистикэм и Iуэхури аращ. Сэ редактор зыкъомым садэлэжьащ. Абыхэм зи цIэ IейкIэ жысIэн зы яхэмыту. Псоми яхузэфIэкI халъхьащ лэжьыгъэм. Фэ фызыхэтри фи техникэри нэгъуэщIщ, а линотип жыхуаIэр фщIэххэркъым. А зи гугъу сщIахэр жэщым гугъут пщIэну. Ауэ апхуэдэу щытын хуейуэ къэтлъытэрти, къыдэхьэлъэкIыртэкъым. Иджыри гугъуехь Iэджи хэлъщ. Япэрауэ, IэщIагъэм хуащI гулъытэр мащIэ дыдэщ. Ар зыхуейм и гуапэ, зыхуейми и жагъуэ ирырещI, дэни щыжызоIэ икIи щыжысIэнущ - КIуэкIуэ Валерий газетым, прессэм хуищIу щыта гулъытэм и зэхуэдитIи сыхуейтэкъым, и Iыхьэ тхуанэр иджы газетым игъуэтамэ, нэгъуэщIу щытынут.

ХъыбарегъащIэ къат зымахуэ: «Телевиденэм журналист щыдгъэлэжьэну къыдолъыхъуэ». Сыт хуэдэ зэманми пщIэ нэхъ зиIэу щыта IэщIагъэщ журналистикэр. Иджы абы и IулыдЖыр хуэмыфащэу къелъэхъшэхащ. Абы дызэрыхуэкIуар емыкIущ. Прессэм и щытыкIэр абы къегъэлъагъуэ.

Ауэ псори Iейуэ схужыIэнукъым. Иджы журналистикэм хыхьэ цIыхум ар гурэ псэкIэ къыхех. Ар фэтэри щыгугъыркъым. Гу къыслъатэу, зыщIыпIэ сыдрашеину пIэрэ, жиIэркъым. Иджыпсту лажьэм пщIэ нэхъ хуэфащэу къызолъытэ, апхуэдэ улахуэкIэ, гулъытэкIэ улэжьэныр лIыгъэ зыхэлъщ.

Адыгэ щIалэхэр тэрмэш мэлъыхъуэ

- Иджы ди бзэми хуащI гулъытэр нэхъ мащIэ хъуащ. АдыгэбзэкIэ ирагъэджыр ягъэмащIэ. Ар хэт и дежкIи щэхукъым. Ди зэманыр нэгъуэщIт, дауи, абы и лъэныкъуэкIэ.

КъулыкъущIэ гуэрым и пащхьэм критикэ тхыгъэ иралъхьат зэгуэрым, «Ленин гъуэгум» къытехуауэ. Арати, «мыр зэвдзэкI, сыт псоми къагурыIуэ бзэкIэ къыщIевмыгъэхьыр» жиIэри, зихъунщIащ. ШырытI СулътIан жаIэри журналист хьэлэмэт диIащ, хуабжьу акъылыфIэу, зэпIэзрыту. А хъыбарыр зэхихыжа нэужь, СулътIан фельетон итхащ «Адыгэ щIалэхэр тэрмэш мэлъыхъуэ» и псалъащхьэу.

- А «зэвдзэкI» жызыIа къулыкъущIэр адыгэу арат?

- Адыгэт-тIэ! Редактор нэхъыщхьэр ЛIыбекъуэ Хьэбасти, пленумым къыщыщыпсалъэрэ пэт, мис мыхэр къэхъуащ, «схуэвдзэкI» жиIэри унафэ ищIащ, яжреIэ. АфIэкIа хэмылъу, пленумым щIэсхэм «езыращ зэдзэкIын хуейр, партым хэдвгъэдз адэ» жаIэри, къыхадзауэ щытащ. Абы ищIам зэреджэр «бюрократизм»-т. Май районым, Прохладнэм ебгъэхьами, абы щыщ урысхэр хуиттэкъым «тхузэвдзэкI» жаIэну. Бзэр зыщIэ къагъуэту, ящIахъэр ящIэн хуейт, адыгэбзэкIэ тхауэ щытми.

Псом нэхърэ нэхъ лъапIэр

- Нобэрей редакцэр дауэ дыкъыпщыхъурэ?

- Иджыпсту мыбы щылажьэхэм сынывоплъри, илъэс зыбгъупщI ипэкIэ дызэрыщытам елъытауэ, нэхъ дызэтеувэжащ лэжьакIуэкIэ. Газетыр унэм нысхуахь, соплъ, тхыгъэ хъарзынэхэр къытохуэ, «аналитикэ» ди мащIэкъым.

- ДикIуэтауэ жыпIэ хъунукъым, пэжкъэ?

- Уэлэхьи, ипэкIэ дыкIуэтауэ арам. Зэманым хэзэгъауэ хэтщ газетыр. Сигу ирихьа гуэрми и гугъу сщIынщ. «Зэшыпхъуибл» зыфIэфщыжауэ, литературэм фыщытепсэлъыхь гуп фиIэу, тхыгъэ къытехуауэ щытащ нэхъ пасэу. «Шыпхъу» псалъэр ауэ сытми яутIыпщыркъым. Апхуэдэ псалъэ къыщывгъэсэбэпкIэ, зэшыпхъу хуэдэу фызэролъагъу, апхуэдэу фызэрыIыгъщ, зыр адрейм фыдоIэпыкъу. Ар куэд и уасэщ. Аращ псом нэхърэ нэхъ лъапIэр.

Епсэлъар **ЧЭРИМ Марианнэщ**.
Сурэтыр тезыхар **Къарей Элинэщ**.

ЩIалэгъуалэр Iэужьыфlэу ягъасэ

«Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм 2025 гъэм ещанэу къызэрегъэпэщ щIалэгъуалэм я зэфIэкIыр щагъэунэхун, псэукIэр зэрырагъэфIэкIуэфын зэпеуэ. Абы хэтыну жэрдэм зыщIэхэр мы махуэхэм къыхахынущ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР хуабжьу сэбэп хъунущ щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ я гупсысэхэр гъащIэм хапщэнымкIэ. Мы гъэм зэпеуэр зытеухуауэ щытынур гъэсакIуэхэмрэ чэнджэщэгъухэмрэ ехьэлIа Iуэхум нэхъри зегъэужьынырщ, гудзакъэ яхэлъыным зи щIалэгъуэхэр къыхуеджэнырщ, цIыхугъэм хуэущиинырщ. Гулъытэ хэха хуащIынущ урысей псэкупсэ лъапIэныгъэхэр, тхыдэщэнхабзэ щIэинхэр хъума хъуным.

Зи гупсысэр наIуэу утыку къизыхьэфхэм сом мин 200-м къыщыщIэдзауэ сом зы мелуаным нэс иратынущ. Iуэхур щагъэзэщIэнущ курыт еджапIэхэм, колледжхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, апхуэдэуи щэнхабзэмкIэ, спортымкIэ унэхэм, щIалэгъуалэм я зэхуэсыпIэхэм.

«Нэгъабэризэм екIуэкIа мыпхуэдэ зэпеуэм цIыху мини 2 щытекIуащ икIи ехъулIэныгъэхэр яIэу я пщэрылъхэр зэфIагъэкIащ. Иджы ахэр мы гъэм хэтынухэм чэнджэщэгъу яхуэхъунущ, гъэсакIуэу ядэлэжьэфынущ щIалэгъуалэм я къалэнхэр тыншу зэфIахыфын щхьэкIэ», - жиIащ Урысейм и ЛIыхъужь, «ЛIыхъужьхэм я лъэхъэнэ» президент программэм хэта, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Орлов Артур.

ИлъэситIым къриубыдэу Урысей Федерацэм и хэгъэгу 89-м щыщу ныбжьыщIэ, гъэсакIуэ мин 300 хэтащ зэхьэзэхуэм, абы щытекIуа цIыху мини 4-м утыку къраxьа сабий щIалэгъуалэ жэрдэмхэр гъащIэм хапщэн папщIэ сом мелардым нэс хуаутIыпщащ.

БлэкIа илъэсхэм зэпеуэм щытекIуахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и курыт еджапIэхэмрэ колледжхэмрэ щылажьэ «Пэрытхэм я зэщIэхъеенныгъэ» зэгухьэныгъэхэм хэтхэр. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, Пролетарскэ къуажэм, Тэрч мэкъумэш техникумым, Ислъэмей, Бахъсэнёнкэ къуажэхэм дэт курыт еджапIэхэм щыIэ зэгухьэныгъэхэм хэт ныбжьыщIэхэр. Къулъкъужын курыт еджапIэ №2-м щыIэ зэгухьэныгъэм тIэунейрэ текIуэныгъэр къыхуагъэфэщауэ щытащ.

- Ди школым мы щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэр къызэрысу, дымыгупсысэххэу жыджэру дыхыхьащ «Пэрытхэм я зэщIэхъеенныгъэм» иригъэкIуэкI Iуэху гъэщIэгъуэнхэм, - жеIэ курыт еджапIэм и унафэщIым гъэсэныгъэмкIэ и чэнджэщэгъу Щокъуий Роксаланэ. - Хуабжьу дыгуэзэващ дыщыхыхьам, ауэ сабийхэм я зэфIэкIыр зэрамыгугъауэ къызыкъуахри, ехъулIэныгъэ къэтхьащ. ШколакIуэхэм я жэрдэмым, гукъыдэжым нэхъри хигъэхъуащ, абы къыщымынэу, адэ-анэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ къытхыхьащ. Нэгъабэ сом мин 200 къэтхьащ, мы гъэм мин 300 къытхуаутIыпщащ. А зэпеуэм и фIыгъэкIэ социальнэ сетхэм щыдиIэ напэкIуэцIхэм хуабжьу зедгъэужьащ, проект гъэщIэгъуэнхэр гъащIэм хэпща хъуащ, лэжьыгъэм бгъэдыхьэкIэщIэхэр къыхуэдгупсысащ. Зэпеуэм дыхэту текIуэныгъэ къызэрытхьам и мызакъуэу, дэ куэдым щапхъэ дахуэхъуащ, ар уасэншэщ.

«Пэрытхэм я зэщIэхъеенныгъэм» зэрыщыжаIэмкIэ, зэхьэзэхуэм хыхьэ хъунущ курыт еджапIэхэм, колледжхэм, университетхэм нэмыщI щIалэгъуалэ политикэм, спортым, щэнхабзэм епхауэ лажьэхэр, сабий ибэхэм, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм ядэлажьэхэр, гугъуехь пэщIэхуа ныбжьыщIэхэр зи нэIэ щIэтхэр.

Зэхьэзэхуэм и мардэхэм къызэрагъэувымкIэ, хэтыну гупыж зыщIахэр гуп зэрогъэхъури, унэтIыныгъэу 8-мкIэ къалэн пыухыкIахэр зэфIагъэкI: «Самоуправление. Деятельность Советов Первых», «Флагманы и клубы по направлениям Движения Первых», «Медиасопровождение и продвижение ценностей Движения Первых», «Наставничество», «Развитие семейного сообщества», «Социально значимая деятельность», «Регулярная деятельность», «Вызовы Партнеров».

Дэтхэнэ зы гупри джэгукIэ щIыкIэм тет Iыхьитхум блэкIын хуейщ. Абыхэм я зэфIэкIыр къэпщытакIуэ гупым къалъытэ. А гупым хэтщ къэрал къулыкъущIапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, егъэджэныгъэ, щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм, творческэ зэгухьэныгъэхэм, щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, щIыналъэ, федеральнэ зэхьэзэхуэхэм, Iуэху инхэм хэтахэр.

Зэпеуэм и мыгъэрей зэхэшэгъуэм къэпщытакIуэхэм гуп мини 2 къыхахыну Iэмал яIэнущ, абыхэм хуаутIыпщыну ахъшэмкIэ ныбжьыщIэхэм «Пэрытхэм я зэщIэхъеенныгъэ» зэгухьэныгъэр щылэжьэн щIыпIэхэр къызэрагъэпэщ хъунущ, унэлъащIэхэр, техникэ, Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр щIэту.

Зэпеуэр къызэгъэпэщынымкIэ дарэгъу хъуахэм унэтIыныгъэ щхьэхуэхэр къыхагъэхьащ, абыхэм япкъ иткIэ, щIалэгъуалэм зэхьэзэхуэм къыщыхуагъэфэщэнухэм нэмыщI, нэхъыбэжым тезыгъэгушхуэн саугъэтхэр къратунущ.

Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, «Другое Дело» унэтIыныгъэм ныбжьыщIэхэр щызэпеуэ хъунущ зэхьэзэхуэм къигъэув жыпхъэхэм фIыуэ зэрыхащIыкIымкIэ. Абы фIыуэ зыкъызыгъэлъагъуэхэм хуагъэфэщэнущ колонкэ Iущ, проектор, сурэттех, щыгъын зэмылIэужьыгъуэ, нэгъуэщIхэри.

VK технологие компанием и нэIэ щIэт унэтIыныгъэм щыкIэлъыплъынущ ВКонтакте социальнэ сетым гуп зэрыгъэхъуа щIалэгъуалэм я напэкIуэцIыр къызэрыщызэIуахымрэ ар зэрагъэлажьэмрэ. Ар нэхъыфIу къызэхъулIэ зэщIэхъееныгъэу 10-м я контентыр зыхуей хуэзэу зэрагъэлэжьэнымкIэ дэIэпыкъуэгъушхуэ яхуэхъунущ.

«Просвещение» компанием гупхэр кърегъэблагъэ школхэм зэрыщрагъаджэ тхылъхэм я теплъэмрэ купщIэмрэ къэкIуэнум нэхъ езэгъыу зрагъэхъуэжыну. Абы елэжь хъунущ еджакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, адэ-анэхэр. Мы Iуэхум теухуауэ гупсысэ нэхъ гъэщIэгъуэн къыхэзылъхьэхэр ягъэпэжэнущ школым ехьэлIа иджырей хьэпшып телъыджэхэмкIэ, псалъэм папщIэ, зэрытхэ дэфтэр, бжыгъэр зи лъабжьэ дэIэпыкъуэгъу и гъусэу.

«Четыре Лапы» компанием зэпеуэм хэтхэм яхуигъэлъэгъуэнущ Iуэху щхьэпэ, гуапэ зэфIагъэкIыну - псэущхьэхэр щаIыгъхэм дэIэпыкъуэгъу щыхъуну е а щIыпIэм жыгхэр щыхасэну. Гуп нэхъ къыхэжаныкIхэм псори къыхузэрагъэпэщынущ - приютхэм зэрыдыхьэн тхылъ, сертификатхэр, хасэну щхъуантIагъэхэр.

«Росатом» къэрал корпорацэм «День атомной промышленности» Iуэхур къыхелъхьэ. «Росатом»-м я лэжьыгъэм ныбжьыщIэхэр щызыгъэгуазэ курсхэр иригъэкIуэкIынущ. НэхъыфIу къалъытэхэм саугъэт гукъинэжхэмрэ ныбжьыщIэхэм къахуэсэбэпынухэмрэ иратынущ.

Технологие гупжьейхэм хэтхэм я ассоциацэм интерактивнэ джэгукIэхэм я сценарийхэмрэ зэрыджэгу хьэпшыпхэмрэ иратынущ щIалэгъуалэм икIи зэпрагъэуэнущ. КъыхэжаныкIхэм «Юный киберфизик» журналым Iэ хущIадзынущ, саугъэтхэр хуагъэфэщэнущ.

«Спартак-Москва» футбол клубым «Спорт и здоровый образ жизни со «Спартаком» Iуэхур къызэрегъэпэщ. ТекIуэныгъэ зыIэрызыгъэхьэ гупхэм клубым и дамыгъэ зытет хьэпшып тыгъэ хуащIынущ, уеблэмэ «Спартак»-м и футбол джэгугъуэм хэтыну Iэмал къыхузэрагъэпэщынущ, клубым и спортсменхэм хуагъэзэнущ.

«РЖД» ОАО-м ныбжьыщIэхэм яхуигъэхьэзыращ «Стартап РЖД: конструктор реальных идей» джэгур. Урысей псом къыщыхахыну щIалэгъуалэ нэхъ жыджэрхэр зыплъыхьакIуэ ягъэкIуэнущ.

«SuperJob»-м зэпеуэм хэтхэр IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуригъэджэнущ.

«Инициативы Первых»-р - ар щIэуэ дыщIагъуа унэтIыныгъэщ. Абы хыхьэну гупхэм псэукIэр егъэфIэкIуэным теухуа проект къагупсысын хуейщ. Ар нэхъыфIу къызэхъулIэ ныбжьыщIэ зы миным 2026 гъэм «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» къызэригъэпэщыну сабий, щIалэгъуалэ зэпеуэхэм хыхьэну Iэмал яIэнущ. Сыт абы къахуищIэнур? ГъащIэм хапщэну зыхуей гупсысэхэр зэрагъэзэщIэн ахъшэ къратунущ, урысейпсо утыкухэм ихьэну Iэмал ягъуэтынущ.

Зи гугъу тщIы зэпеуэм ухэтын папщIэ, щIыпIэ зэщIэхъееныгъэм и пашэм гуп къызэрегъэпэщри, лъэIу тхылъ ятх. Гупым хэтын хуейщ илъэси 6-м къыщегъэжьауэ 25-м нэс зи ныбжь цIыхуи 5 мынэхъ мащIэ, илъэс 18 нэхърэ мынэхъыщIэ гъэсакIуитI. Зэхьэзэхуэм и ещанэ зэхыхьэгъуэм хэтынухэм 2025 гъэм щэкIуэгъуэм и 10 пщIондэ «Пэрытхэм я зэщIэхъеенныгъэ» сайтым лъэIу тхылъ щатхын хуейщ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Нэгъабэрейм нэхърэ нэхъыбэ

2025 гъэм и щIышылэм - фокIадэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым псэупIэу щаIэтащ псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 459,7-рэ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам нэхърэ процент 1,3-кIэ нэхъыбэщ ар.

ПСЭУПIЭУ псори зэхэту яухуам щыщу метр зэбгъузэнатIэ мин 382,6-р унагъуэхэм ейщ. Мыбдежым хэхъуэр проценти 8,6-рэ мэхъу.

Дызэрыт илъэсым и мазибгъум ухуэныгъэ IуэхущIапIэхэм псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 77,1-рэ яухуащ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам нэхърэ процент 24,4-кIэ нэхъ мащIэщ ар. Къуажэхэм унэу щаухуащ псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 353,6-рэ е нагъабэ и апхуэдэ пIалъэм нэхърэ проценти 2-кIэ нэхъыбэу.

2025 и щIышылэм - фокIадэм къриубыдэу фэтэр куэду зэхэт унэу 33-рэ республикэм щаIэтащ: фэтэрыщIэу - мини 4 хъууэ. Унагъуэхэм яухуащ псэупIэу мини 2,8-рэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Фэеплъ

ЩоджэнцIыкIу Алий ягу къагъэкIыжу

Адыгэ лъэпкъ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, КъБАССР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ жэпуэгъуэм и 28-м илъэси 125-рэ ирикъуащ. А махуэм ирихьэлIэу усакIуэм и фэеплъым деж щрагъэкIуэкIащ абы и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ ягу къыщагъэкIыжа пэкIу.

ФЭЕПЛЪЫМ деж къыщызэхуэсат цIыхушхуэ: ди республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэр, егъэджакIуэхэр, еджакIуэхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, усакIуэм и благъэхэр, абы и IэдакъэщIэкIхэм пщIэ хуэзыщIхэр. ЗэIущIэр къызэIуахащ еджакIуэ цIыкIухэм, ахэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къеджащ ЩоджэнцIыкIум и усэ цIэрыIуэхэм.

- Илъэси 125-рэ. Пэжщ, цIыхум и дежкIи тхыдэм и лъэныкъуэкIи зэман хъарзынэщ, - жиIащ пэкIур къыщызэIуихым Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. - Ди щIыбагъым къыдэтщ Алий и цIэр зезыхьэ театрыр, ди гупэмкIэ щыдолъагъу ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ уэрамыр, ди щхьэм илъщ абы и усэу псыIэрышэм хуэдэхэр, къэпсэлъыгъуафIэ-зэгъэщIэгъуафIэхэр, уеджэ пэтми умыужэгъухэр. Ар псори ЩоджэнцIыкIу Алийщ. Сэ шэч къытесхьэркъым зэгуэр абы и усэ сатырхэм еджар хьэщыкъ зэращIым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ар классикщ, абы и гупсысэхэр гъащIэщ. УсакIуэ гъуэзэджэм теухуа Iуэхухэр ди республикэм иджыпстуи щокIуэкI, ауэ абыхэм я курыххэр щэкIуэгъуэм икухэм хуэзэу Налшыки ар къыщалъхуа Бахъсэн щIыналъэми щызэхэтынущ. Абыхэм усакIуэр дигу къыщыдгъэкIыжынущ, и лэжьыгъэм дыщытепсэлъыхьынущ, лъэпкъым хуищIам щхьэкIэ фIыщIэ хуэтщIынущ.

КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Бейтуганов Исмэхьил къыхигъэщащ ЩоджэнцIыкIу Алий и къалэмыпэм къыпыкIа усэхэр, Iуэтэжхэр, пьесэр, романыр нобэрей адыгэ лъэпкъ литературэм и лъабжьэу зэрыщытыр.

- 1939 гъэм Алий и унафэм щIэту лэжьащ тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я школ. Ар щIыжысIэращи, щIэблэр игъэсэфырт, игъэгушхуэфырт. Абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ литератор IэкIуэлъакIуэхэр лъэпкъым къыщIэхъуэным. Абыхэм ящыщщ КIыщокъуэ Алим, КIуащ БетIал, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм сымэ, нэгъуэщIхэри. Дэ нобэ дыкъегъэхуабэ Алий и цIыхугъэм, и гу хуабагъэм. Дэ дыпсэуху, ар ди гум илъыху, Алии псэунущ, - жиIащ Исмэхьил.

ЩIэныгъэлI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Гъут Iэдэм жиIэн и куэдт ЩоджэнцIыкIу Алий папщIэ. ЗыблэмыкIыфа Iуэхущ ар зауэм зэрагъэкIуар, абы щыгъуэми политикэ и лъэныкъуэкIэ цIыху дзыхьщIыгъуэджэу къалъытахэм ящIыгъуу.

- Пэжщ, езыр щIэлъэIуат ар зауэм ягъэкIуэну, ауэ яутIыпщын хуеякъым. КIуэну къызытехуэхэр къуэгъэнапIэхэм къуэсу къанэри, лъэпкъым бгышхуэу щхьэщыт цIыху телъыджэр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэм IэщIагъэкIуэдащ. БлэкIа лIэщIыгъуэм ухуэшхыдэну фIы къыщIэкIынкъым, ауэ къыхэзгъэщыну сызыхуейращи, и илъэс 41-м къриубыдэу Алий хузэфIэкIам хуэдиз лIэщIыгъуэ псокIэ нэгъуэщIым хуэщIэнутэкъым, - жиIащ Iэдэм, игу къеуэу. - Литературэм и закъуэтэкъым ар зыхуэIэижьыр, ар хунэсырт театрым, уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамбль къызэрызэрагъэпэщрэ куэд мыщIам, композиторхэм, усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ ядэлэжьэну, къежьагъащIэ радиом зыгуэрхэр щригъэтхыну, нэгъуэщI куэдми. Илъэс 15 - 20 гуэрым къриубыдэу абы и Iэр зыхунэмысар укIуэдыж. А цIыху емызэшыжым, къаруушхуэрэ зэфIэкI инрэ зиIэм, зы романрэ зы пьесэрэщ итхар, IуэтэжитIщ и къалэмыпэм къыщIэкIар, илъэс бжыгъэу къигъэщIари бжьиз хуэдизщ. Ауэ нобэр къыздэсым демыгупсысыххэу къыдохь абы и лэжьыгъэхэм ящыщ сатырхэр, и усэхэм гукIэ дыкъоджэ. Апхуэдэу щIыщытыр, шэч хэмылъу, ар лъэпкъым и гум къипсэлъыкIыу тхащи аращ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ, зэдзэкIакIуэ Iэзэ Мэремкъул Ларисэ къэпсэлъапIэр хуит щыхуащIым жиIащ мы махуэхэм Алий и усэхэр зэрыщIиджыкIыжыр, и гупсысэр абыхэм жыжьэ зэрахьыр, и IэдакъэщIэкI куэдым иджыпсту дызытегузэвыхь Iуэхухэр, псалъэм и хьэтыркIэ, бзэр зэрыкIуэдыжыр, хэплъагъуэу зэрыщытыр.

- 1939 гъэм итха «ЛIыкIуэ» усэр, ажалым щепсалъэр, абы тхьэгурымагъуэ хьэл хэлъу зэрыщытам щыхьэт тохъуэ. УсакIуэшхуэ, гу пцIанэ зиIэ цIыхушхуэ ЩоджэнцIыкIу Алий зыхимыщIэнкIэ Iэмал иIэтэкъым гъащIэ мащIэ фIэкIа къызэрыхуимыухари, ди лъэпкъым и къэкIуэнури, езыр щыпсэу зэманми иужькIи къэхъуа Iуэхугъуэхэри. Куэдщ Алий теухуа гукъэкIыжхэр, абы и гъусэу нэмыцэ гъэрэщым исахэм жаIэжахэри къэнащ.

Зэтехуэркъым ахэр, ауэ зэрызэщхьэщымыкIыр зыщ: ЩоджэнцIыкIу Алий зигъэщхъауэ, зы лъэбакъуэкIэ нэхъ мыхъуми икIуэтауэ, епцIыжакIуэ зыщIыну щIэхъуэпса бийхэм я жыIэм зымащIэкIи техуауэ зыми зэримылъэгъуарщ, - жиIащ Ларисэ.

Бахъсэн районым къикIахэм, Бахъсэн къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим зи пашэм, къабгъэдэкIыу пэкIум къыщыпсэлъащ Зауэм, лэжьыгъэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я ветеранхэм я къалэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Абазэ Хъусен.

- Къыдалъхуауэ зэчий зэрыбгъэдэлъар, емызэшыжу лажьэурэ куэд зэрызригъэхъулIэфар хьэкъщ ЩоджэнцIыкIу Алий. Сыт и уасэ абы и «Къамботрэ Лацэрэ» романым и закъуэ?! А зы лэжьыгъэмкIэ, къызыхэкIа елъытауэ, цIыху зэмыщхь куэдым я образхэр ди нэгу къыщIигъэувэн хузэфIэкIащ усакIуэм. Пэжщ, Алий язынықъуэхэм ягъэкъуаншэ а зэманым щыIа властым ямылейуэ щытхъуу зэрыщытам къыхэкIыу. Дауэт апхуэмыдэу?! Езым и нэкIэ илъэгъуащ кIыфIыгъэм къыхэкIын щIэзыдза къудей лъэпкъым и япэ лъэбакъуэхэр, уеблэмэ ар ячынымкIэ езыр дэIэпыкъуэгъуфIу щытащ. Школхэр, сымаджэщхэр, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэри къызэIуахырт икIи иIэтыр, уэрэд зыхуиусыр гуащIэдэкI хьэлэлырт, цIыху зэхущытыкIэ дахэрт, цIыхугъэрт. Дэ дрогушхуэ а цIыху щэджащэр ди Бахъсэн щIыналъэм къызэрыщалъхуам, зэрыщапIам, - жиIащ Хъусен.

ЩоджэнцIыкIу Алий и фэеплъыр дахэу зэгъэпэщыжыныр и пщэ зэрыдилъхьэжар, ар фIы дыдэу къызэрехъулIар жиIэри, Къумахуэ Мухьэдин зи унафэщI министерствэм къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъыр иритащ Алий и къуэрылъху ЩоджэнцIыкIу Мурат икIи къэпсэлъапIэр хуит хуищIащ.

Абы къыхигъэщащ фэеплъыр зэгъэпэщыжа зэрыхъуар езым и щхьэзакъуэ Iуэхуу зэрыщымытыр, атIэ ЩоджэнцIыкIу лъэпкъыр зэрыхэлIыфIыхьар, дэтхэнэ зыми фIыщIэ зэрыхуищIыр. Апхуэдэуи тхьэр арэзы къыфхухъу яжриIащ зэIущIэм зыкърезыгъэхьэлIа дэтхэнэми, Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм, абы и цIыхубэу усакIуэм и фэеплъыр зымыгъэкIуэдым.

- ЖаIам нэхъыфIи нэхъыби ухуэмейуэ къэпсэлъахэм къызэщIакъуащ си адэшхуэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ нэхъыщхьэу хэлъахэр. Сэ сызыхуейр Алий жиIэгъауэ щыта псалъэхэм сыкъытеувыIэнырщ. «Си ужькIэ къэнэнур си тхылъхэмрэ си бынхэмрэщ», - къыжьэдэкIат абы. И усэхэм я гугъу пщIымэ, ахэр яфIэгъэщIэгъуэнщ, иджыри къытрагъэзэжурэ щIаджыкIынущ къытщIэхъуэ щIэблэм. И бынхэращи, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зыри псэужкъым, ауэ абыхэм къалъхуахэмрэ абыхэм къащIэхъуэжахэмрэ псэущ, лъэпкъыр узыншэщи, Алий къытхуигъэна уэсятым хуэпэжу дыпсэуфыну си гуапэщ, - жиIащ Мурат.

ЗэIущIэм и кIэухыу къызэхуэсахэм ЩоджэнцIыкIум и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

УсакIуэхэр ягъэлъапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Тхьэгъэзит Зуберрэ тхакIуэ, усакIуэ, ди республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Гъубжокъуэ Лиуанрэ щыпсэуа унэхэм я блынхэм абыхэм я фэеплъ пхъэбгъухэр кIэралъхьащ. Мы Iуэхум зыкърагъэхьэлIат министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэм, усакIуэхэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ, я ныбжьэгъухэм, жылагъуэ лэжьакIуэхэм, абыхэм я IэдакъэщIэкIым дихьэххэм.

ЗЭIУЩIЭХЭМ къыщыпсэлъахэу КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Байсултанов Исмэхьил, щIэныгъэлI, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэ цIэрыIуэ Тхьэгъэзит Юрэ, Лиуан и къуэ Алим сымэ, нэгъуэщIхэми къызэрыхагъэщащи, Зуберрэ Лиуанрэ я IэдакъэщIэкIхэр хьэуа Iубыгъуэм хуэдэт, адыгэбзэ къабзэкIэ тхати, уи гум, уи псэм дыхьэрт. Тхыгъэ, усыгъэ нэсыр зэрыуахътыншэр къигъэлъагъуэу, нобэми абыхэм дахьэх къытщIэхъуэ щIэблэр. Лъэпкъхэм я зэхущытыкIэр егъэфIэкIуэным хьэлэлу хуэлэжьащ ахэр, я гуащIэмкIэ къагъэлъагъуэрт цIыхухэр зэхуэгуэпэн, фIыуэ зэрылъагъун зэрыхуейр. Абы и щыхьэту Тхьэгъэзитымрэ Гъубжокъуэмрэ я усэхэм адыгэбзэкIи, урысыбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи къеджащ курыт школхэм я еджакIуэ цIыкIухэр.

КIэщIу я гугъу пщIымэ, «Советская молодежь» газетым и журналисту, иужькIэ «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIу щыта Тхьэгъэзитым хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ зегъэужьыным, зэкъуэш республикэхэмрэ хамэ къэралхэмрэ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм щэнхабзэ зэпыщIэныгъэ яIэным, ахэр зэрыщIэу, зэхуэгуапэу псэуным. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ тхылъ 30-м щIигъу, и усэхэр Урысейм щыпсэу лъэпкъ куэдым я бзэкIэ зэрадзэкIащ.

Лъэпкъ литературэм хуэлэжьэныр и къалэн нэхъыщхьэ дыдэу щытащ Гъубжокъуэ Лиуани. Абы и тхылъ 17 дунейм къытехьащ. Адыгэ сабий литературэм и дыщэ гъэтIылъыгъэ хъуащ цIыкIухэм папщIэ Лиуан итха Iуэтэжхэр щызэхуэхьэса къыдэкIыгъуэхэр. Лиуан зыцIыхуахэм зыжьэу къыхагъэщ ар хьэлэлу, гу пцIанэу, ныбжьэгъу телъыджэу зэрыщытар.

Иджы Лениным и проспектым тет 42-нэ унэмрэ (Тхьэгъэзитыр щыпсэуам) Байсултанов Алим и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №25-мрэ (Гъубжокъуэм и фэтэрыр зыхэтам) блэкI цIыхухэм ящIэнущ абыхэм цIыхушхуэхэр, нэхъыщхьэращи, лъэпкъылIхэр зэрыщIэсар. Фэеплъыр псэуху, цIыхухэм я гум къридзэху, ахэр тщIыгъунущ!

БЛИЙ Даянэ.

Мырзэкъан Азэмэт аргуэру ятокIуэ

ММА-мкIэ дуней псом щынэхъ лъэщ дыдэ лигэм - UFC 321-м и зэхьэзэхуэ Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм я къалащхьэ Абу-Даби и «Etihad Arena» спорт уардэунэм щекIуэкIащ иджыблагъэ. ЗэIущIэ нэхъыщхьэхэм хыхьэу абы щызэуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсмен Мырзэкъан Азэмэт икIи, ди гуапэ зэрыхъущи, щытекIуащ.

КИЛОГРАММ 93-рэ зи хьэлъагъхэм я деж зыкъыщызыгъэлъагъуэ адыгэ щIалэм а пщыхьэщхьэм къыпэщIэтащ Австрием и спортсмен лъэщ Ракич Александр, ауэ зэхьэзэхуэм и 1-нэ раундым Мырзэкъаным ар ириудын хузэфIэкIащ. Апхуэдэ щIыкIэкIи Азэмэт 16-нэ текIуэныгъэр зэкIэлъыпыту къихьащ.

UFC-м Мырзэкъаным зэIущIих щригъэкIуэкIати, псоми щытекIуащ, тхум - зэхьэзэхуэхэм хухаха зэманыр и кIэм нимыгъэсу.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Азэмэт УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастерщ, IэштIым зауэмкIэ дуней псом чемпион куэдрэ щыхъуащ, «BRAVE» лигэм щытекIуащ, Бахъсэн къалэ администрацэм и унафэщI, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Мамхэгъ Хьэчим и гъэсэнщ.

А махуэм ипэкIэ «ACA 194» фIэщыгъэр зэрихьэу а къэралым и Дубай къалэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм щытекIуащ Багъ Алий. ЗэIущIэм и етIуанэ раундым адыгэ щIалэм хигъэщIащ Бразилием и спортсмен Рамос Дэви. 2024 гъэм и жэпуэгъуэм абы текIуауэ щытащ КIуэкIуэ Мухьэмэд. Иджы зэкIэлъыпыту адыгэ щIалэхэм ар хагъэщIащ.

КЪУЭЖЕЙ Iэдэм.

ЦIыху гъащIэ кърагъэл

Къэбэрдей-Балъкъэрым и суд приставхэм Урысей ФССП-р илъэси 160-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ къызэрагъэпэща Iуэхум хыхьэу лъы ятащ. Iуэху щхьэпэм хэтащ лэжьакIуэ 30.

УРЫСЕЙ ФССП-м и управленэу КъБР-м щыIэм иIэщ щIыхь зиIэ донору 3. Абыхэм щапхъэ трахыу, IэнатIэм и лэжьакIуэхэр апхуэдэ Iуэхухэм хэтщ. Мы акцэм кърихьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и дэнэ щIыналъи щыщ суд приставхэр. Ар и щыхьэтщ донор зэщIэхъееныгъэр дэIыгъыным мыхьэнэшхуэ зэриIэм.

БАХЪСЭН Ланэ.

Сом мини 100-м щIигъу

● КъБР-м щыIэ МВД-м

КъБР-м щыIэ МВД-м Iэпхъуэшапхъуэ Iуэхухэмкlэ и управленэм, Урысей ФСБ-м и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм, Урысей гвардием и СОБР-м я лэжьакIуэхэм Налшык щрагъэкIуэкIащ «Нелегал-2025» федеральнэ Iуэхум хыхьэ лэжьыгъэхэр.

АБЫ ипкъ иткIэ ухуэныгъэ 11 къапщытати, Iэпхъуэшапхъуэхэм ехьэлIа унафэм ебэкъуауэ 33-рэ къыщIагъэщащ, абыхэм тралъхьащ къуэдыуэ сом мини 100-м щIигъу.

Уголовнэ Iуэхуу тIу къаIэтащ, УФ-м и Уголовнэ кодексым и 322.3 статьям (Учётым гъэпцIагъэ хэлъу увын) ипкъ иткIэ. Унафэ къащтащ нэгъуэщI къэралхэм щыщу цIыху 23-рэ УФ-м и щIыналъэм къихьэну хуит мыщIыным, пIалъэкIэ ди къэралым щыIэну хуит ящIа зы цIыхум а зэманыр хуэгъэгъэмэщIэным, тIур къэралым игъэкIыжыным теухуауэ.

Административнэ жэуапым ирашэлIащ хамэ къэрал щыщу Iэпхъуэшапхъуэным ехьэлIа, Урысей Федерацэм и къэрал хабзэхэр къызэпызыуда е ди щIыналъэм щыпсэуну хуитыныгъэ зимыIэ цIыхухэр зыгъэлажьэхэри.

Хабзэм къемызэгъыу лэжьыгъэкIэ къызэзыгъэпэщахэу 7-м ехьэлIа административнэ тхылъ 11 зэхагъэувати, абыхэм ящыщу 4-р Налшык къалэ судым Iэрагъэхьащ.

УАРДЭ Жантинэ.

УнафэщI-редактор ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэ)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.289
Заказыр №2.347
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.)*.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.